ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№44 (24.794) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 12, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. **Бэдракъ Іэминэ СэфрэІил и пхъур** Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къулыкъум илъэситху пІалъэкІэ гъэувын.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м*
*№37-УГ*



## КъыдэкІуэтей щІэблэм йогугъу

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ ІущІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм дэлажьэ ЩІалэгъуалэ парламентым и унафэщІ, СВО-м хэт Николаев Артём. Абы хэтащ Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым регламентымрэ къэпщытэныгъэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Абазэ Албэч.**

ЕГОРОВЭ Татьянэ щІалэхэм яхутепсэлъыхьащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэм, абы епха ЩІалэгъуалэ палатэр зэрызэфІэувамрэ зэфІигъэкІымрэ. Абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІалэгъуалэм зэрызаужьыну Іэмал псори зэрыщызэтеублар, къыдэкІуэтей щІэблэр жылагъуэ, волонтёр Іуэхухэм хэшэным жыджэру зэрыщелэжьыр.

ЗэІущІэм и гугъу щащІащ хабзэхэр зэрырагъэфІакІуэм, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлажьэм, щІэблэр хэкупсэу къызэрагъэхъум, дзэ Іуэху хэхам хэтхэм зэрадэІэпыкъум, Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур зэрагъэлъэпІэну щІыкІэм.

Николаев Артём жиІащ КъБР-м и Парламентымрэ ЩІалэгъуалэ палатэм дэлэжьэну зэрыхьэзырыр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***

## Къыхашэнущ къэрал 80-м щыщхэр

**«Урысей зэкъуэт» политикэ партым къызэригъэпэщ «ТекІуэныгъэм и Іуэрытхыр» (диктантыр) мы гъэм мэлыжьыхьым и 25-м иригъэкІуэкІынущ.**



ПАРТЫМ и гъэзэщІакІуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэщІ Сидякин Александр зэрыжиІэмкІэ, абы къызэщІрагъэубыдэнущ къэрал 80-м нэс (щІыпІэ мин 20-м щІигъум щрагъэтхынущ).

Іуэрытхыр курыт школхэм, колледжхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэми къыщызэрагъэпэщынущ. «Мы Іуэхум цІыхухэр хуиту къекІуэлІэфын хуэдэу, щІыпІэ нэхъыбэ хуэдгъэхьэзырын хуейщ. Ар онлайн жыпхъэм тетуи екІуэкІынущ. Іуэрытхым къыхыхьэ къэралхэм я бжыгъэри нэхъыбэ хъуащ. Нэгъабэ абы 65-рэ хэтамэ, иджы 80-м далъэІэсыну ди мурадщ. А бжыгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, мы гъэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур къэплъытэмэ. Дыщогугъ апхуэдиз къэрал мы Іуэхум къыхэтшэну», - жеІэ Сидякиным.

УФ-м ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэ нэхъыщхьэмкІэ и министерствэм Іуэрытхыр университетхэмрэ абыхэм хамэ къэралхэм щаІэ я къудамэхэмрэ къыщызэригъэпэщынущ. Иджы япэу мы Іуэхум къыхыхьэнущ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондыр - абы щІыналъэхэм щиІэ къудамэхэми диктантыр щатхынущ.

2024 гъэм тхыдэмкІэ тестыр бзийкІэ - инджылыз, франджы, испан, поляк, серб, монгол, китай, алыдж - зэрадзэкІауэ щытащ. Онлайн жыпхъэри инджылызыбзэмрэ китаибзэмрэ тету ящІащ. Мы Іуэхум диктантпобеды.рф сайтым деж зыщыбгъэгъуэзэфынущ .

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

● Лъыгъэм и дамыгъэхэр

## «ТекІуэныгъэ» орденыр

**Совет къэралым и зауэ дамыгъэхэм я нэхъ лъагэ дыдэщ. Ар хуагъэфащэрт зы фронтым е фронт зыбжанэм зауэ Іуэхухэр ехъулІэныгъэкІэ щезыгъэкІуэкІа, Дзэ Плъыжьыр зыунэтІа дзэпщхэм, дзэзешэхэм, дзэ унафэщІхэм. Дамыгъэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1943 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м къищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ. Орденым и теплъэр зыщІар СССР-м Зауэ щІыбым щекІуэкІ Іуэхухэр къызэгъэпэщынымкІэ и къулыкъущІапІэм и сурэтыщІ нэхъыщхьэ Кузнецов Александрщ.**



«ТЕКІУЭНЫГЪЭ» орденыр дыщэ хужьым къыхэщІыкІащ, бзиитху къызыхэкІ вагъуэ теплъэ зиІэ дамыгъэщ. Орденыр пкъыгъуэ куэду зэхэтщ. Вагъуэмрэ абы къыхэкІ бзийхэмрэ я лъэгур дыщэ хужьым къыхэщІыкІащ. Вагъуэр дыщэ хужькІэ, дыщэ плъыжькІэ, дыжьынкІэ, лапхъэ щхъуантІэкІэ гъэщІэрэщІащ. Бзийхэм налкъут плъыжь ІэрыщІитху игъэтІысхьащ, абыхэм я зэхуакум налкъутналмэс кІани 174-рэ хэпхъащ. Дамыгъэм курых хуэхъу медальоныр дыжьыным къыхэщІыкІащ. Медальоныр лапхъэ щхъуантІэкІэ къилыкІащ. Абы и щІыІум, вагъуэмику дыдэм хуэзэу, Кремль блыным, Спас чэщанэм, Ленином и кхъэлэгъунэм я теплъэхэр тещІыхьащ. Ахэр дыщэ хужькІэ къыхэгъэкІащ, дыщэпси тегъэлъэдэжащ. Сурэтхэм ящхьэкІэ «СССР» хьэрфхэр тетхащ, я лъабжьэм плъыжькІэ тещІыхьа щэкІ бгъузэ кІыхьым «ТекІуэныгъэ» псалъэр плъыфэ хужькІэ къыхэгъэкІащ. Хъурейм ибгъухэм жыгей зэхэухуэнахэр тетщ.

Вагъуэм зэпэщІэту хэт папцІапІэхэм я зэхуакум миллиметр 72-рэ дэлъщ. Хъурейм и диаметрыр миллиметр 31-рэ мэхъу. Орденым и хьэлъагъыр грамм 78-рэ мэхъу. Дыщэ хужьу грамм 47-рэ, дыщэ плъыжьу граммитІ, дыжьыну грамм 19 хэлъщ. Налкъут плъыжьхэм язызхэзми и хьэлъагъыр каратитху мэхъу. Псори зэхэту орденым налкъутналмэсу хэлъыр карат 16-м нызэрохьэс.

Орденым и щІыбагъым ику дыдэм хуэзэу дыжьын лъакъуэ цІыкІу къыхокІ. АбыкІэ ар зауэлІ фащэм хаІуантІэ. Ауэ орденыр Брежнев Леонид и бгъэгум 1978 гъэм щыхалъхьэнум щыгъуэ, зэ закъуэ мастэкъуаншэ егъэубыдыпІэ хуащІауэ щытащ.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1944 гъэм шыщхьэуІум и 14-м къищта унафэм ипкъ иткІэ, орденым данэ щэкІ Іувым къыхэщІыкІа амгущ щІыгъущ. Абы нэгъуэщІ совет орденихым я плъыфэхэр хэлъщ, дэтхэнэми я зэхуакум миллиметр някъуэ-някъуэ дэлъщ. Апхуэдэу фІыцІагъэ зыхэлъ кусэ морэм ЩІыхьым и орденыр, кусэ щхъуантІэм Хмельницкий Богдан и орденыр, кусэ плъыжьфІыцІафэм Невский Александр и орденыр, кусэ щІыху-фІыцІафэм Кутузовым и орденыр, кусэ удзыфэм Суворовым и орденыр, ику дыдэм ит, миллиметр 15 зи бгъуагъ кусэ плъыжьым Ленином и орденыр къагъэлъагъуэ. Амгущым и бгъуагъыр миллиметр 46-рэ, лъагагъыр зы сантиметр мэхъу.

«ТекІуэныгъэ» орденыр зауэлІ фащэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкІэ хаІуантІэ, бгырыпхыпІэм ищхьэкІэ сантиметр 12-14 хуэдизкІэ къыдэІэтеяуэ. Орденым и амгущыр адрей дамыгъэхэм нэхърэ зы сантиметр хуэдизкІэ нэхъ лъагэу зауэлІ фащэм хащІэ.

«ТекІуэныгъэ» орденыр цІыху 17-м хуагъэфэщащ, абыхэм ящыщу цІыхуищым дамыгъэмкІэ тІэуней я цІэ къраІуащ.

**ТАБЫЩ Мурат.**

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 360-рэ кІэпІейкІэ 70-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 329-рэ кІэпІейкІэ 18-рэ.**

**Ди индексыр П5894**

# Жылагъуэм я жьауэм щIэту



**КъБР-м и Парламентым дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщI Бечелов Ильяс зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.**

ЗЭIУЩIЭМ щыхахащ Жылагъуэ советым и комиссэхэм я унафэщIу щытынухэр. Псоми зэдэарэзыуэ, законодательствэм ехьэлIа Iуэхухэмкlэ комиссэм и унафэщI ящIащ Атмурзаевэ Иринэ, социальнэ IуэхухэмкIэ - Къалмыкъ Кларэ, экономикэмкIэ - Несутулов Виктор.

Бечелов Ильяс къытеувыIащ комиссэхэр 2025 гъэм зэлэжьыну Iуэхугъуэхэм, абыхэм республикэм узыншагъэр щыхъумэнри, егъэджэныгъэри, щIэныгъэри, щэнхабзэри, спортри, экономикэри къызэрызэщIрагъэубыдэнум. «Жылагъуэ советыр къудамищым тещIыхьауэ дгуэшами, Iуэхухэм псори зэгъусэу делэжьынущ», - къыхигъэщащ абы.

Мы гъэм советым и нэIэ зытригъэтыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщым кIэлъыплъынри. КъБР-м и дохутырхэм я палатэм и правленэм и унафэщI Щоджэн Эдуард къыхилъхьащ егъэджэныгъэмрэ медицинэмрэ я лэжьакIуэхэр унэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуну Iэмалхэм егупсысыну.

КъБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ советым хэтхэм яхутепсэлъыхьащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Псом япэу абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2024 гъэм и фокIадэм хаха ебланэ зэхуэсыгъуэм депутат 70 зэрыхэтыр (19-р зэпымыууэ лажьэу), ику иту я ныбжьыр илъэс 55-рэ зэрыхъур, зи ныбжьыр илъэс 35-м нэс щIалэщIэуи 4 депутатхэм зэрыхагъэхьар. «Процент 40-кIэ зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэта зэхуэсыщIэм и лэжьыгъэр нэхъыфIыж хъуну къыдолъытэ. Нэхъыжьхэм я жьауэм щIэту, нэхъыщIэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр сэбэп хъуну дыщогугъ», - къыхигъэщащ Кансаевэм.

Абы жиIащ 2025 гъэм КъБР-м и Парламентым и гъатхэ зэхуэсым депутатхэр законопроект 21-м зэрыхэплъэнур, Правительствэмрэ комитетхэмрэ хухах сыхьэту - 9, «стIол хъурейуэ» - 4, парламент едэIуэныгъэу - 1, нэгъуэщI щIыпIэхэм щрагъэкIуэкI зэIущIэу 12 къызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

- Ар зэкIэ дубзыхуаращ, зэрыхабзэу, къытпэщылъ лэжьыгъэхэр нэхъыбэжи щыхъу щыIэщ, - къигъэлъэгъуащ Кансаевэм. - КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къыдэкIуэтей щIэблэми гулъытэ хэха хуащI, ахэр щIэх-щIэхыурэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм кърагъэблагъэ. «Дэ Урысейм дрицIыхущ» Iуэхум хыхьэу, зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэм я паспортыр мыбдеж щрат. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м и Парламентым и V зэхуэсыгъуэм къыщыщIэдзауэ, депутатхэм я нэIэм щIэтщ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр. А Iуэхур япэу зыублахэм КъБР-м и Парламентыр ящыщщ. Апхуэдэуи сабий зеиншэхэмрэ адэанэм я нэIэм щIэмытхэмрэ я IуэхущIапIэу 6-м зэпымыууэ дыкIэлъоплъ. Депутатхэр зыхущIэкъур законхэр къэщтэн къудейркъым, атIэ ахэр зэрагъэзащIэри зэпымыууэ къапщытэ. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «КъБР-м юридическэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэу къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» законыр.

Кансаевэ Еленэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ, «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» Iуэхури зэрагъэзащIэм, абы ипкъ иткIэ дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэм я унагъуи 140-м мы зэманым дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур. КъБР-м и Парламентым къищтащ дзэ Iуэху хэхам хэтауэ «УФ-м и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зыфIащахэр е УФ-м и орденыр зыхуагъэфэщахэр пщIэншэу щIы Iыхьэ зратхэм хэбжэным теухуа республикэ законыр. СВО-р зэрыщIидзэрэ, депутатхэм езыхэм я ахъшэкIэ зауэлIхэм дэIэпыкъуныгъэхэр хурагъашэ. КъищынэмыщIауэ, хабзэубзыхухэм «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым мазэ къэс ахъшэ ирагъэхь, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм зыщIагъэкъуэн IуэхукIэ.

Къэпсэлъар адэкIэ къытеувыIащ КъБР-м и Парламентыр нэгъуэщI щIыналъэхэм - нэхъ гъунэгъу дыдэхэм къыщыщIэдзауэ Поволжьерэ Сыбыррэ нэсу - я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм жыджэру зэрадэлажьэм, апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ 20-м щIигъу зэраIэм. Мы зэманым иджыри щIыналъищым зэрадэлэжьэнум зыхуагъэхьэзыр. Ахэр Осетие Ищхъэрэ - Алание, Иркутск, Мурманск щIыналъэхэрщ.

НэгъуэщI зы Iуэхугъуи къыхигъэщащ Кансаевэм - депутатхэр «Гуапагъэм и жыг» Iуэхум зэрыхэтар. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм республикэм къыщыдэкI газетхэр хутрадзащ социальнэ IуэхущIапIэу 25-м щIигъумрэ цIыху 200-мрэ. Абы текIуэдащ сом мин 220-м щIигъу.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ирагъэхь жэрдэмхэмрэ абыхэм ящыщу къару зыгъуэтхэмрэ я бжыгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху IуэхущIапIэр нэхъыфIхэм зэращыщыр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# «ГъащIэм и мафIэ»

**Дыгъуасэ Налшык къыщызэIуахащ «ГъащIэм и мафIэ» урысейпсо марафоныр. Ар теухуащ къупщхьэ куцIым и донор хъуным цIыху нэхъыбэ къыхуеджэным.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я унэм и пэIущIэ утыкум щызэхуэсат къулыкъущIэхэр, медицинэ лэжьакIуэхэр, волонтерхэр, донор хъуну жэрдэм зыщIа цIыхухэр.

ЗэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат.

- Iуэху щхьэпэр Урысейм и щIыналъэ куэдым щокIуэкI. Нобэ пхъэдзакIэмафIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ икIи ди деж щыдогъажьэ зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэкъуэшыгъэр зи лъабжьэ «ГъащIэм и мафIэ» эстафетэр. АбыкIэ дэ защIыдогъакIуэ лейкемиемрэ къупщхьэ куцI узыфэмрэ зыпкърыт сымаджэхэм. 2023 гъэм апхуэдэ Iуэху республикэм щекIуэкIауэ щытащ. Абы щыгъуэм ди щIыналъэм щыщу цIыху 1400-рэ донор хъуауэ щытащ. Ноби дыщIызэхуэсар ди къарур зэдгъэуIуу, ди дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сымаджэхэр дэтIыгъын, донорхэм я реестрым хэдгъэхъуэн папщIэщ. Донор хъуну хуейхэм я бжыгъэр къыхэхъуэми, узыр къызэтеувыIэркъым, ар зыпкърытхэм я бжыгъэр щымащIэкъым Урысейм. Дэ ди къалэнщ зэрытхузэфIэкIкIэ абыхэм сэбэп дахуэхъуну. Апхуэдэ сымаджэхэр хъужынкIэ гугъапIэшхуэ щыIэкъым, ауэ донор хъу дэтхэнэми абыхэм я гъащIэр къегъэлынымкIэ Iэмал гуэр ярет. ФIыщIэ яхузощI Iуэху щхьэпэм нэхъапэкIи хэтахэми нобэ къыткъуэувэнухэми.

Къупщхьэ куцI узыфэм и донор хъуным цIыхухэр къыхуеджэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыгъэкI, а Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэ Алискеров Артем къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм ди республикэр жыджэру зэрыпэджэжыр, гущIэгъу, гуапагъэ зыхэлъ цIыхухэр куэду щыпсэу щIыналъэу къызэрилъытэр, япэхэми хуэдэу, нобэрей Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрызэрагъэпэщар.

«ГъащIэм и мафIэ» пхъэдзакIэмафIэр къалэм и фэеплъ щIыпIэхэм къыщезыхьэкIыну гупым хэтщ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам, Суд-медицинэ экспертизэмкIэ бюром и унафэщI Мечукаев Алихъан, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Сидней щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, «2024 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ къудамэм щытекIуа Успанов Щамил, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Iэмырбий, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым и социальнэ координатор ПщыхьэщIэ Ахьмэд, республикэм и Муслъымэн IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Сыжажэ Алим, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, Дэгухэм я спортымкIэ УФ-м Дэгухэм я спорт федерацэм и гуп щхьэхуэм хэт Жылэ Татьянэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымкIэ и IэнатIэм и къегъэлакIуэ, Урысейм щIыхь зиIэ и донор Киштыков Мэзан, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ – социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ департаментым и унафэщI Башорэ Рустам, Къупщхьэ куцI узыфэм и донор хъуным цIыхухэр къыхуеджэнымкIэ марафонхэр езыгъэкIуэкI Алискеров Артём сымэ.

ЩIалэгъуалэм я унэм и деж а махуэм щылэжьащ Лъы щат республикэ станцым ягъэIэпхъуэ хъу и къудамэр. Гупыж зыщI дэтхэнэми и лъынтхуэм лъы хригъэшу, къупщхьэ куцIым и донор хъуну Iэмал яIащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Махуэшхуэхэм зыхуагъэхьэзыр

**КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыр мэрем кIуам иригъэкIуэкIащ абы и УнафэщI Мусуков Алий.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щIы, мылъку IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Уянаев Таймураз къызэхуэсахэм я пащхьэ къырилъхьащ республикэм и къэрал мылъкум щыщ Эльбрус къуажэм и мылъкум зэрыхагъэхьэм теухуа унафэм и проектыр.

КъБР-м мэкъумэш IуэхухэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн 2025 гъэм накъыгъэм и 1-м, Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм, ирихьэлIэу ди республикэм щекIуэкIыну гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэту шыгъажэхэр, спорт зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщыIэнум теухуа унафэм и гугъу ищIащ. Апхуэдэуи ТекIуэныгъэ Иным хуэгъэпса Iуэхухэр накъыгъэм и 9-м зэрырагъэкIуэкIынур жиIащ.

«Ди хэкуэгъуу хамэ къэралхэм щыпсэухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэIэпхъуэжынымкIэ дэIэпыкъуным теухуауэ» къэрал программэр гъэзэщIэным елэжь комиссэм IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр, зыхэлэжьыхьым хэтхэр зэрызэрахъуэкIам къыхэкIыу, КъБР-м и Правительствэм и унафэм щIэ зэрыхалъхьам къытеувыIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат.

Къызэхуэсахэр хэплъащ Iуэхугъуэ 20-м щIигъум.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

# Хьэршыр къызэрагъэІурыщІар

**Уафэм иралъагъуэ вагъуэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ цІыхухэм къадокІуэкІ нэри пэри зыхьэхурэ псэр дэзыхьэхыу щыІэ псоми я нэхъ лъапІэхэм ящыщ зыуэ.**




ПАСЭМ псэуахэм ахэр къызэралъытэу щытар дунейм (ЩІы Хъурейм) тет и бгы нэхъ лъагэ дыдэм удэкІуеямэ, уи Іэхэр яхуэпший закъуэмэ, узылъэІэсыфын къэщІыгъэут.

Арщхьэкlэ, лІэщІыгъуэкlэрэ цІыхухэм я зэхэщІыкІым щыхэхъуэм, ди планетэми ар къэзыухъуреихь уахэми ятеухуа щІэныгъэхэри ипэкІэ щыкІуатэм, уафэр зыгъэщІэращІэ «цІуугъэнэхэр» ауэ сытми уздынэсыфын къэщІыгъэхэм ящыщ зыуэ зэрыщымытыр цІыхухэм кІуэ пэтми нэхъ зыхащІэ хъуащ. Ауэ, телъыджэр аращи, дыкъэзыухъуреихь дунейм ехьэлІа щІэныгъэм зиужьу, вагъуэхэр куэдкІэ нэхъ тпэІэщІэ «хъуами», абыхэм нэхъ гъунэгъу захуэщІынымкІэ, я Іэхэлъахэм къыщыхутэнымкІэ цІыхухэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыздрахьэкІ гуращэ-хъуапсэр нэхъ мащІэ ящІу зыІэпагъэхужын дэнэ къэна, иужьрей илъэсхэм нэхъ телъыджэжу къызэреблэжащ.

Ауэрэ, шыпсэ-псысэ щІыкІэу (фантастикэ) зэхагъэувами, вагъуэхэм я зэхуаку дэлъ гъэгуанэр цІыхухэм тыншу зэрызэщІагъэхьэфынум теухуа тхыгъэхэр дунейм къытохьэ икІи ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм къыщегъэжьауэ абыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

ЕтІуанэ Дунейпсо зауэм иужькІэ, хьэршым ехьэлІа щІэныгъэхэми нэхъри нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ зауэ, технологие ІэщІагъэхэри ипэкІэ мэкІуатэ, ЩІым тесхэм ящыщу нэхъ хуэхьэзырхэри (астронавт-космонавтхэр) траІэтыкІыу, уахэм зэрынагъэсыным хуагъэхьэзыру щІадзэ. Хьэршыр зи тегъэщІапІэ нэхъыфІэщІ Іуэтэжхэр, повестхэр, уеблэмэ романхэр дунейпсо литературэм нэхъыбэжу къыхохьэ, я нэхъыбэр щІэныгъэ бгъэдыхьэкІэкІи гъэпсауэ. А Іуэху узыІэпызышэм «зыдрагъэкІу» фІэкІа умыщІэну, ЩІы Хъурейм а зэманым зи лъэр нэхъ щызэтеува къэрал ухуэкІэ нэхъыщхьэу тІум, социализмэмрэ капитализмэмрэ, бжьыпэІыгъ хэгъэгухэу ятэт СССР-мрэ США-мрэ а лъэныкъуэмкІи щызэныкъуэкъу-щызэпеуэу щІадзэ, хэт япэ ищын жыхуаІэу.

1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-р, адрей Іуэхугъуэхэм я гугъу дымыщІми, къызэралъытэр «Хьэрш лъэхъэнэм и щІэдзэгъуэщ». Сыту жытІэмэ, а махуэращ дунейм щыяпэ дыдэу ЩІы Хъурейм траІэтыкІа хьэршырыкІуэ кхъухьыр (СССР-м ейр) уахэм щихьэфар. Ди къэралым апхуэдэ зэрыхуэфІэкІар, шэч хэмылъу, телъыджэ дыдэт: дунейр къызэригъэщІрэ нэхъ гущІэгъуншэ дыдэ, зэхэкъутыныгъэшхуэхэр къытхуэзыхьа Хэку зауэшхуэр ди ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 12 фІэкІа дэмыкІауэ апхуэдэ зэрызэдгъэхъулар. АтІэми, ар я пэщІэдзэ къудейт ди къэралым уахэм нэхъ гъунэгъу зыхуищІынымкІэ адэкІи хузэфІэкІахэм.

1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м Совет Союзым и космонавт, коммунист Гагарин Юрий Алексей и къуэр «Восток» зи фІэщыгъэ хьэршырыкІуэ кхъухьым исуу дунейм щыяпэ дыдэу уахэм ихьащ икІи ЩІым и хъуреягъыр зэ къилъэтыхьащ. Къэрал куэдым щыпсэухэм, телевизоркІэ здеплъым, зэхахащ а лІым хузэфІэкІам теухуа хъыбарыр...

А щІыкІэм тету Совет Союзым дуней псом яригъэлъэгъуащ ди къэралым бэм къыхэкІа и цІыху къызэрыгуэкІыр псом япэ дыдэу хьэршым зэрихьэфынур. Дауи, шэч зыхэмылъыжыр аращи, Гагариным ар хузэфІэкІын папщІэ, зыпхыкІа гъэунэхукІэхэр кІэ зимыІэм хуэдэт, апхуэдизу ахэр пхъашэІуэт икІи куэдыщэти, псом хуэмыдэжу и узыншагъэм хузэфІэкІынумрэ и ІэщІагъэм зэрыхищІыкІымрэ ятеухуауэ.

ЩІэныгъэр зи лъабжьэу ягъэува «нэкъыфІэщІ» (фантастикэ) литературэу блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм дунейм бжыгъэншэу къытехьам къызэрыщагъэлъэгъуауэ, ЩІы Хъурейм щыпсэухэм 2000 гъэхэм ирихьэлІэу хьэршым хуиту къыщакІухьыф, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм зэдай я хэщІапІэхэр (станцхэр) Мазэми Марсми щаухуэф хъун хуеят. АрщхьэкІэ, зэрытщІэщи, 1990 гъэхэми абы ипэ ита илъэсхэми ди къэралми адрей хэгъэгухэми зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Политикэми цІыхубэми псэуным, экономикэм ехьэлІа нэгъуэщІ Іуэхугъуэ къызэрыгуэкІхэм елІэлІэн хуей хъуащ.

АтІэми, ХХ лІэщІыгъуэм икухэм хьэршыр къэгъэІурыщІэным хуэгъэзауэ цІыху цыкІум хъуэпсапІэу яІар, нэгъуэщІ Іуэху къызэрыгуэкІхэм ялъахъэу, тІэкІу зэдгъэтІылъэкІын хуей хъуами, иужьрей илъэсхэм дунейм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэщІэхэми щІэныгъэр нэхъ лъэщыжу ипэкІэ зэрыкІуэтами гугъэ дахэр дагъэщІ хьэршым адэкІи лъагъуэ узыншэхэр щыпхытшыфыным ехьэлІауэ...

Ди республикэм дежкІэ зыкъедгъэзэкІынщи, КъБР-м и Іэтащхьэм 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №136-УГ-м ипкъ иткІэ, физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и академик, космонавтикэмрэ космогониемкІэ къэхутэныгъэ къызэрымыкІуэхэр езыгъэкІуэкІа Энеев Тимур Магомет и къуэм и щІыхькІэ ягъэува стипендиеу 3 мы гъэм къыщыщІэдзауэ иратынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс студентхэм ящыщу тІумрэ (дэтхэнэми сом мини 10) щІэныгъэ-къэхутакІуэ лэжьыгъэм фІыуэ хэзагъэ аспиранткэм ящыщу зымрэ (сом мин 15).

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Унэжьхэм щыпсэухэр къыщІагъэІэпхъукІ

**Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм ущыпсэуну дзыхьщІыгъуэдже хъуа унэ мин 313-м щІэсахэм псэупІэ щхьэхуэхэр иратащ 2019 гъэм щегъэжьауэ, жиІащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат. А лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІ къэралым и Президент Путин Владимир и унафэкІэ.**

ВИЦЕ-ПРЕМЬЕРЫМ иригъэкІуэкІа зэІущІэм къызэрыщыхигъэщамкІэ, къапщытэж пІалъэм къриубыдэу, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм ящыщу, жьы хъуа псэупІэхэм цІыху нэхъыбэ къыщІэзыгъэІэпхъукІыфар Шэшэн Республикэрщ - мин 12,2-рэ. Абы къыкІэлъокІуэ Ставрополь крайр - цІыху мини 2, ещанэр - Къэбэрдей-Балъкъэрырщ - цІыху мин 1,7-рэ.

«Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щІыналъэиблым ящыщу тхум ущыпсэуну шынагъуэ хъуа унэхэм щІэсахэр (2017 гъэм щІышылэм и 1-м ипэ къихуэу апхуэдэу къалъытахэм) къанэ щымыІэу къыщІагъэкІащ. Уеблэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэным, Дагъыстэным щыщІадзащ шынагъуэ къызыбгъэдэкІ псэупІэу 2017 гъэм иужькІэ къалъытахэм щІэсхэр фэтэрыщІэхэмкІэ къызэрагъэпэщын», - жиІащ УФ-м ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и фондым и унафэщІ Шагиахметов Ильшат.

«Ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІащ жьы хъуа унэхэм щІэсхэм фэтэрыщІэхэр етыным хуэунэтІа программэр икІи ар къэралым и щІыналъэ псоми щолажьэ. ЖыпІэнурамэ, 2019 гъэм щегъэжьауэ Кавказ Ищхъэрэм псоми зэхэту фэтэрыщІэхэм цІыху мин 20,6-рэ ягъэІэпхъуащ. Абыхэм ящыщу цІыху мин 1,4-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ езы щІыналъэхэм щылажьэ программэхэм япкъ иткІэ, текІуэда мылъкури щІыпІэ бюджетхэм къыхэкІащ.

«ПсэупІэрэ къалэ щыІэкІэрэ» лъэпкъ пэхуэщІэр и кІэм зэрынэсу, лэжьыгъэм адэкІэ пищащ «ПсэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа ухуэныгъэхэр» лъэпкъ пэхуэщІэм», - дыщІигъужащ Хуснуллин Марат.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 12,** *щэбэт*

♦**ЦІыхум хьэршым япэу лъагъуэ щыхиша дунейпсо махуэу ООН-м игъэуващ**

♦**Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1961 гъэм** Гагарин Юрий «Байконур» щаутІыпща «Восток» кхъухьым ису дунейм щыяпэу хьэршым лъэтащ.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІумыхъу Жылэбий**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, публицист **Къущхьэунэ Алексей**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градус 0 - 3 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 13,** *тхьэмахуэ*

♦**Гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм защІэзыгъакъуэм, псапащІэм и махуэр Урысейм щагъэлъапІэ**

♦**1517 гъэм** Каир щаукІащ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин **Ал-Ашраф Тумэн-бей**.

♦**1905 гъэм** къалъхуащ адыгэ узэщІакІуэ, ІуэрыІуатэдж **ГъукІэмыхъу Іэбубэчыр**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

**Мэлыжьыхьым и 14,** *блыщхьэ*

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Безрокъуэ Олег**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьим**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Унэр зыгъэунэри благъэр зыгъэблагъэри цІыхубзырщ.**

● ЗэIущIэ



# ЩIэныгъэлI-лIыхъужьхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ «МылIэжыныгъэм и гъунапкъэ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэм Хэку зауэшхуэм щагъэлъэгъуа лIыгъэр» зыфIаща зэIущIэ, ТекIуэныгъэшхуэр мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ къызэрагъэпэщар.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт жиIащ:

- Дуней псор къапщтэмэ, Совет Союзым Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэр къызэрыщытхьам нэхъ гукъинэж хэтакъым 20-нэ лIэщIыгъуэм – фашизмымрэ лъэпкъ зэхэгъэжымрэ кIэ езытауэ щытар ди адэхэрщ, ди адэшхуэхэрщ. Ауэ абы уасэшхуэ щIитащ СССР-м: цIыху мелуан 26,6-рэ хэкIуэдащ а зауэ шынагъуэм, Дзэ Плъыжьым щыщу цIыху мелуани 8,7-рэ тфIэкIуэдащ. КъыпхуэмыцIыхужыным хуэдэт СССР-м и жылагъуэхэри: къалэ 1700-рэ, къуажэ мин 70 зэтрикъутащ биидзэм. КIэщIу жыпIэмэ, къэралым и Iыхьэ щанэр щIым щыщ хъуат. КъухьэпIэ къэпщытакIуэхэм хуагъэфащэрт СССР-м илъэс 25-кIэ зыкъыхуэмыужьыжыну. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, илъэси 5-м къриубыдэу къэралыр щIэрыщIэу зэфIагъэу вэжауэ щытащ, - жиIащ абы.

Дзэмыхьым я цIэ къриIуащ институтым щылажьэу щытауэ, а зауэм жыджэру хэтахэм, лIыгъэ щызыгъэлъэгъуахэм. ТекIуэныгъэшхуэр мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум ехьэлIа «Iэнэ хъурей» зыбжанэ, конференц, щIэныгъэ семинар, лекцэхэр зэрырагъэкIуэкIынур къыхигъэщащ Къасболэт.

Бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Гъут Iэдэм тепсэлъыхьащ тхакIуэ, драматург, литературэдж, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шортэн Аскэрбий, тхакIуэ-драматург, усакIуэ, IуэрыIуатэдж, КъБР-м и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зырамыку, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим сымэ Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэм.

- 1941 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щегъэжьауэ Шортэныр щызэуащ КавказщIыбми, Кавказ Ищхъэрэми, 1-нэ Украинэ фронтым иригъэкIуэкIа зэхэуэхэм, хэтащ 115-нэ шуудзэм. ИужькIэ ар хэтащ 9-нэ армэм и 1161 нэ фэчауэ полкым и 351-нэ дивизэм. Арами, Шортэным зэи тхэн щигъэтакъым, зэхэуэр мащIэу зэрыужьыхыу, драмэ итхыу щытащ. А лъэхъэнэрщ «Семья героев», «Луиза», «Бои за Малку», «Три танкиста» тхыгъэхэр Аскэрбий и Iэдакъэ къыщыщIэкIар. Ахэр псори къэбэрдей драмэ театрым щагъэуваув щытащ. Шортэным къигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ дамыгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ ягъэлъэпIат. ГущIэгъуншагъэ и нэгу щIэкIами, Шортэным и щIэныгъэ лэжьыгъэм пищэжащ зауэ нэужьым, икIи псэуху институтым щыIащ. Зауэ нэужьырщ абы и Iэдакъэ къыщыщIэкIар «Бгырысхэр» романыр, «Адыгэ IуэрыIуатэ» тхылъыр.

КъардэнгъущI Зырамыку армэм къулыкъу щищIэну ираджауэ щытащ 1940 гъэм. Ар Киев и 204-нэ хьэуа-десантыдзэм хэтт Хэку зауэшхуэр къыщежьам. ИлъэсиплIми зэуащ ди щIэныгъэлI цIэрыIуэр. 1949 - 2003 гъэхэм къриубыдэу институтым щылэжьащ. Адыгэ IуэрыIуатэр, уэрэдыжьхэр, хъыбарыжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, псалъэ шэрыуэхэр зэхуэхьэсыжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ абы. Зырамыкущ Нэгумэ Шорэ и тхыгъэхэр япэ дыдэу адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар, - къыхигъэщащ Гъутым.

Бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий зытепсэлъыхьар адыгэ усакIуэ, Хэку зауэшхуэм и кIыхьагъкIэ хэта, Совет Союзым и ЛIыхъужь Андрыхъуей Хъусенщ. КъищынэмыщIауэ, БакIуум игу къигъэкIыжащ а зауэм хэкIуэда и адэр, гугъуехьыр пылъу ирихьэкIа сабиигъуэр, гъаблэм щызыхъума, къаруушхуэ къызылъыкъуэкIа и анэр.

- Ди анэм пэгуниплI иIыгъыу мэзым кIуэрти, мы, кхъужь, мэракIуэ къиищыпырт. ПэгунитIыр метр 20 хуэдизкIэ къихьти игъэувырт, адреитIым кIэлыкIуэрти, ахэр метр 40-кIэ къигъэIэпхъуэрт. Апхуэдэурэ зэ кIуэгъуэм мэзым пэгуниплI къыщIихырт. Арат тшхыр, - жиIащ щIэныгъэлIым.

Институтым адыгэ литературэмкIэ и къудамэм и унафэщI, бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэ тепсэлъыхьащ лIыхъужь, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, институтым и лэжьакIуэу щыта КIуащ БетIал зауэмрэ щIэныгъэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм. Хьэвжокъуэм утыку кърихьащ КIуащым теухуауэ алъандэрэ щIэныгъэр зыщымыгъуэза Iуэхугъуэхэр, зауэм зэрыхэтамрэ къыхуагъэфэща дамыгъэхэмрэ.

- Сталинград деж къызэрыгуэкI фочауэу щыщIидзэри, Берлин нэс кIуауэ щытащ КIуащыр. Ар хэтащ Калининскэ, Белорусскэ фронтым, Витебск къыщрагъэутIыпщыжам. КIуащ БетIалщ Витебск хуит къыщыхъужам Дзэ Плъыжьым и бэракъыр зыIэтауэ щытар. Абы зауэ губгъуэм щигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ, Бэракъ Плъыжь, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, нэгъуэщIхэри къратащ, - къыхигъэщащ Людмилэ.

Институтым и лэжьакIуэ, бзэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бейтыгъуэн Еленэ зытепсэлъыхьар къэбэрдей усакIуэ, тхакIуэ, драматург, публицист, зэдзэкIакIуэ, егъэджакIуэ, КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алимщ. Ар кIэщIу къытеувыIащ КIыщокъуэм и гъащIэ гъуэгуанэм, зауэм теухуа и тхыгъэхэр зэпкърихащ, къеджащ усакIуэр зауэм щыщыIэм и Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм къахуитхауэ щыта тхыгъэхэм.

Гъут Iэдэм къызэрыхигъэщамкIэ, тхыдэр джын, къытщIэхъуэ щIэблэр абы щыдгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. «Щхьэхуиту нобэ дыпсэун папщIэ ди япэ итахэм яхузэфIэкIар зэи тщымыгъупщэнымкIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр хуабжьу сэбэпщ», - жиIащ щIэныгъэлIым.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● Зауэм и бынхэр

# Гугъуехьым ипсыхьа цIыху

**Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэр цIыкIугъуэм и IэфIыгъэр зэрызыхащIэ щымыIэу къэхъуащ, я адэ-анэхэм, я къуэш-шыпхъу нэхъыжьхэм къыхуагъэна унагъуэ Iуэхум, лэжьыгъэ IэнатIэм, «гугъу дохь» жамыIэу, къэмыдзыхэу пэрытащ.**




БЭДЖЫДЭ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр Шэджэм къуажэм дэса мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Ахэр зэкъуэшищрэ зы шыпхъурэ хъурт. А зэманым биийм и шэ фIыцIэр зытехуахэр бжыгъэншэщ. Мухьэмэд и адэ Мухьэжид зауэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъури и щIэлъэныкъуэр къыдэмыбзыжу къэнати, ныкъуэдыкъуагъэ зэрыхихам папщIэ унэм къагъэкIуэжат. Нэмыцэр къэмыс щIыкIэ колхозым и мылъкур къуажэм дэс унагъуэхэм трагуашэрти, ар зэзыгъэзахуэ гупым Мухьэжид хагъэхьащ.

- Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къуажэм къыщысам си ныбжьыр илъэсибл ирикъуами арат, - игу къегъэкIыж Мухьэжид и къуэ Мухьэмэд. - Абыхэм къуажэм дэлъыр зэщIакъуэрт. Дыщыгъыныджэт, тшхынырати, жьэм хуахь диIэтэкъым. Иджыпсту хуэдэу сощIэж биийр ди гущIыIу зэрисар, ауэ куэд дэмыкIыу ди дзэлIхэр къэсри нэмыцэхэр дахужащ. Дэри хуиту дыбэуэжат. Арщхьэкlэ, «зауэм и кIэр хьэдагъэщ» жыхуаIэрати, дызыхэпсэукIын щIагъуэ диIэжтэкъым: джэди Iэщи зэщIакъуат. Ди щIыр зыубыдыну къежьа хьэкIэкхъуэкIэхэр къэмыс щIыкIэ, колхозым къуажапщэм щыхиса кIэртIофыр къамытIыжауэ ягъэхъыбарти, си шыпхъу нэхъыжьым сэрэ абыкIэ дыкIуат. Махуэ псом губгъуэр зэхэттIыхьри кIэртIофитIрэ никъуэрэщ къытхуэгъуэтар. Ар сщымыгъупщэу, си нэгум щIэт зэпытщ. Колхозым техникэ зэримащIэм къыхэкIыу, цIыху къарукIэ нэхъыбэр дылажьэрт, ди анэм и гъусэу белкIэ дытIэу дитт губгъуэм. Къуажэм трагуэша мылъкум щыщу цIыхум къахуэнэжа тIэкIур зэхалъхьэжри, колхозыр хуэмурэ зэфIагъэувэжын щIадзат.

Мухьэмэд пэщIэдзэ классхэр къиуха нэужь, колхозым щылажьэ нэхъыжьхэм Iэпыдзлъэпыдз яхуэхъуу яхэтащ. Абыхэм якIэлъыплъурэ ныбжьыщIэр тракторым ирилэжьэф щыхъум, «СТЗ» тракторыр къратам илъэс ныкъуэ фIэкIа темысауэ, Каменкэ мэз лъапэм щIэт Iэщ фермэм Iэхъуэу ягъакIуэ.

ИужькIэ Урал Ипщэм и мэзхэм пхъэхэх щыIащ цIыхуиплIым язу щIыналъэ жыжьэм къыщыщIедз.

ЗэрыжиIэжымкIэ, езыр и ныбжьым емылъытауэ цIыхушхуэт, къарууфIэт, IэкIуэлъакIуэт. ЗдагъэкIуам илъэскIэ щыIэри, и унэ къекIуэлIэжащ. Колхозым Iэщыхъуэу щылажьэу, и армэ дэкIыгъуэр къыщысым, езыр дзэ комиссариатым кIуэри лъэIуащ, «армэм сыдэфш» жиIэри. Куэд дэмыкIыуи ираджащ.

Къэралым къулыкъу хуищIэу къигъэзэжа нэужь, колхозым хыхьэжри, гъэш фермэм инженер-механикыу куэдрэ щылэжьащ. Абы иужькIэ трактор тетIысхьэжри губгъуэм итащ, комбайным тесащ. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, губгъэн зыхуригъэщIакъым.

«Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, фIыщIэ, щIыхьу тхылъ куэд зыхуагъэфэща Бэджыдэр 1995 гъэм пенсэм кIуащ. И щхьэгъусэмрэ абырэ быних зэдапIащ, зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ. Илъэс 90-м щхьэдэха Мухьэмэдрэ и щхьэгъусэ Ленэрэ дохъуэхъу дяпэкIи зэдэузыншэну, Бэджыдэхэ я жьантIэм куэдрэ дэсыну.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

# Я щхьэ хуэлэжьэжхэм къахохъуэ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, я щхьэ хуэлэжьэжыну налогхэх IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэм я бжыгъэр мин 83-м нобэкIэ щIегъу. 2020 гъэм апхуэдэхэм щхьэкIэ къэралым къыщащта зэрыхудачых налог хабзэхэм я фIыгъэкIэ, а бжыгъэм хуэдэ зыбжанэкIэ хэхъуащ иужьрей илъэсхэм.**

ЖЫПIЭНУРАМЭ, 2024 гъэм къриубыдэу я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет зэхэтым налог ахъшэу сом мелуани 106,7-рэ ягъэкIуащ икIи ар процент 64,0-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

Къэралым и мылъку хэлъу лажьэ компаниехэм я щхьэ хуэлэжьэжхэм я деж къыщащэху продукцэхэм, абыхэм къэрагъащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я куэдагъым илъэс къэс хэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, псори зэхэту сом мелуан 14,1-рэ и уасэ къыщащэхуащ абыхэм я деж нэгъабэ. 2023 нэхърэ процент 35,0-кIэ ар нэхъыбэщ.

Апхуэдэуи нэгъабэ къэралыр зыхуэныкъуэхэр къэщэхуным хэтащ я щхьэ хуэлэжьэж IуэхущIапIэ 19 икIи ар хуэди 2,4-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

Къэралым и мылъку хэлъу лажьэ компанием къалэн щащIащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм я деж продукцэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ къыщащэхуну, абыхэм щхьэкIэ УФ-м и Правительствэм игъэува мардэм тету. Ахэр зэрагъэзащIэм кIэлъоплъ МСП Корпорацэмрэ щIыналъэхэм щыIэ властхэмрэ.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ МСП Корпорацэр ядоIэпыкъу 2025 гъэм щегъэжьауэ лажьэ «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 14

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
10.55 «АнтиФейк» (16+)
11.25, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ИЩЕЙКА». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
23.55 «Большая игра» (16+)
00.55 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «АДМИРАЛ КУЗНЕЦОВ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
03.30 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

04.50, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ДАЛЬНИЕ РУБЕЖИ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
00.50 Т/с «ЗОЛОТО» (16+)
04.15 Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.00 Х/ф «ГЛАВНЫЙ» (16+) (Россия, 2015) (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «АЛЕКСАНДРОВСКИЙ САД» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.20 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «Горячее сердце Арктики» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
00.40 Х/ф «О ТЕХ, КОГО ПОМНЮ И ЛЮБЛЮ» (16+)
01.55 Х/ф «ДВА БОЙЦА» (16+)
03.10 Д/с «Москва фронту» (16+)
03.30 Т/с «АЛЕКСАНДРОВСКИЙ САД» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Черные дыры. Белые пятна
08.00 Д/с «Первые в мире»
08.15 Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
09.30 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.30 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.15, 23.45 XX век
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 «Острова»
13.45 Д/ф «Роман в камне»
14.15 Х/ф «ИВАН» (16+)
15.30 «Агора»
16.30 Д/с «Передвижники»
17.15 Д/с «Белый ангел Москвы»
18.25 «Рассказы из русской истории»
19.45 Главная роль
20.05 «Правила жизни»
20.35 Д/с «Хранители жизни»
21.15 «Сати. Нескучная классика...»
22.10 Х/ф «ДНИ ХИРУРГА МИШКИНА» (16+)
00.55 Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
02.10 Д/ф «По ту сторону сна»

### МАТЧ!

06.00 «Непобедимый» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 21.25, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
10.05 Лица страны (12+)
10.25 География спорта (12+)
10.55 География спорта (12+)
11.30 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 География спорта (12+)
14.55 «Непобедимый» (12+)
15.30 Громко. Прямая трансляция
17.00 Смешанные единоборства. А. Волкановски - Д. Лопес. UFC. Трансляция из США (16+)
18.30 Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/4 финала. Прямая трансляция
21.50 Футбол. «Атлетико» - «Вальядолид». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
01.00 Плавание. Чемпионат России. Трансляция из Казани (6+)
02.25 Матч! Парад (6+)
02.55 География спорта (12+)
03.25 География спорта (12+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Футбол. «Штутгарт» - «Вердер». Чемпионат Германии

## Гъубж, мэлыжьыхьым и 15

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
10.55 «АнтиФейк» (16+)
11.25, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ИЩЕЙКА». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 «Время героев» (16+)
01.00 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «АДМИРАЛ КУЗНЕЦОВ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
03.30 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

04.45 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ДАЛЬНИЕ РУБЕЖИ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
00.50 Т/с «ЗОЛОТО» (16+)
04.15 Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.15 Т/с «АЛЕКСАНДРОВСКИЙ САД» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «АЛЕКСАНДРОВСКИЙ САД» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.15 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «Олимпиада-80» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
00.40 Х/ф «СОШЕДШИЕ С НЕБЕС» (16+)
01.55 Х/ф «О ТЕХ, КОГО ПОМНЮ И ЛЮБЛЮ» (16+)
03.15 Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
03.35 Т/с «АЛЕКСАНДРОВСКИЙ САД» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Театральная летопись
08.00 Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
09.15 Д/с «Проповедники»
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.30 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 23.45 XX век
11.45 Д/ф «Старший сын» молодого драматурга»
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00 «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
13.45 Д/с «Князь Потемкин. Свет и тени»
14.15, 22.10 Х/ф «ДНИ ХИРУРГА МИШКИНА» (16+)
15.30 «Сати. Нескучная классика...»
16.30 Д/с «Коллекция»
17.15 «Владимир Васильев. И мастерство, и вдохновенье...» К 85-летию Владимира Васильева
18.10 Д/ф «Роман в камне»
18.45 Д/с «Проповедники»
19.45 Главная роль
20.05 «Правила жизни»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Искусственный отбор
21.30 «Белая студия»
00.15 Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
01.30 Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

06.00 «Непобедимый» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 16.00, 22.30 Все на Матч! Прямая трансляция
10.05 Специальный репортаж (12+)
10.25 География спорта (12+)
10.55 География спорта (12+)
11.30 Бокс. К. Тринидад - Д. Пейг. Bare Knuckle FC. Трансляция из США (16+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 Фрирайд. Мировой тур. Трансляция из Швейцарии (6+)
14.55 «Непобедимый» (12+)
15.30 Матч! Парад (6+)
17.30 Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Ахмат» (Грозный). FONBET. Кубок России. Путь регионов. 1/2 финала. Прямая трансляция
20.15 Футбол. «Спартак» (Москва) - «Урал» (Екатеринбург). FONBET. Кубок России. Путь регионов. 1/2 финала. Прямая трансляция
00.00 Плавание. Чемпионат России. Трансляция из Казани (6+)
01.20 Д/ф «Новак Джокович. Только победа» (12+)
02.25 «Что за спорт?» (12+)
02.55 География спорта (12+)
03.25 География спорта (12+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Волейбол. «Локомотив» (Калининградская область) - «Динамо-Ак Барс» (Казань). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Женщины. Финал (6+)

## Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 16

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
10.55 «АнтиФейк» (16+)
11.25, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ИЩЕЙКА». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «АДМИРАЛ КУЗНЕЦОВ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
03.30 Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

04.45, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
00.50 Т/с «ЗОЛОТО» (16+)
04.10 Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.10 Т/с «АЛЕКСАНДРОВСКИЙ САД» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Щапхъэ зытрахщ Мухьэмэд



**Мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и ветеран Къармэ Мухьэмэд Машэ и къуэр. АбыкIэ йохъуэхъу къулыкъэгъур зыдрихьэкIахэр, нобэ лажьэхэр.**

КЪАРМЭ Мухьэмэд 1960 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуащ.

СССР-м и МВД-м Волгоград дэт и следственнэ школ нэхъыщхьэр 1984 гъэм къиухри, Прохладнэ ГРОВД-м лэжьэн щыщIидзащ, адэкIэ ди республикэм и МВД-м следователь къалэныр щрихьэкIащ. 1992 гъэм ар ягъэуващ Налшык къалэм и прокуратурэм и следователь нэхъыжьу.

Куэд дэмыкIыу Мухьэмэд и къулыкъукIэ яIэтри, республикэм и прокуратурэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр зэхэгъэкIынымкIэ и къудамэм ягъэкIуащ. 1994 гъэм Прохладнэ район прокуратурэм и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуври, илъэси 10-м нэблагъэкIэ а къулыкъум пэрытащ.

АдэкIэ ар лэжьащ Прохладнэ районым и прокурору, Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэу. Абы къратащ Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъыр, ведомствэ медалхэр, нэгъуэщI гулъытэхэр къыхуащIащ, СССР-м, КъБАССР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ я министрхэм къабгъэдэкIхэри хыхьэу. Ар юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжьщ, прокуратурэм и пенсионерщ.

Къармэ Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и Ветеранхэм (пенсионерхэм) я советым хэтщи, жылагъуэ Iуэхухэми хуэжыджэрщ, и лэжьыгъэ и пIалъэкIэ щIалэгъуалэм ядогуашэ, ахэр хуегъасэ Урысей Федерацэм и прокурорым ищIэн, хэлъын хуейхэм. Къэрал-хэкупсэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ абы къратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ Къармэ Мухьэмэд дэри дохъуэхъу узыншэу, и мурадхэм ялъэIэсу, щIэблэм я гъуэгугъэлъагъуэу куэдрэ псэуну.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ**



● Жылагъуэ

# КъыпащIэнущ адэкIэ

**Урысей МВД-м и Налшык управленэм дэлажьэ Жылагъуэ советыр ириплъэжащ 2025 гъэм и япэ мазищым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм. ЗэIущIэм хэтащ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и подполковник Бекъалды Арсен.**

ЖЫЛАГЪУЭ советым и тхьэмадэ Бэгъуэт Хьэмидбий тепсэлъыхьащ блэкIа мазищым гупым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Ар теухуат электроннэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ цIыхухэм я мылъкур IэщIэзыгъэкIхэм япэщIэтыным, ГИБДД-м щIыгъуу рейдхэр егъэкIуэкIыным, жылагъуэм къызэрагъэпэщауэ зыхэта зэIущIэхэм.

- Мы лэжьыгъэхэм адэкIи къыпытщэну дигу илъщ. КъищынэмыщIауэ, мы гъэр ТекIуэныгъэм и илъэсу зэрагъэувам къыхэкIыу, абы ехьэлIа зэIущIэхэми дыхэтыну ди мурадщ, - жиIащ Бэгъуэтым.

Иужьрейм теухуауэ Бекъалдыр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ апхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр къэлъытауэ, дяпэкIэ гулъытэшхуэ хуэщIын зэрыхуейр. КъищынэмыщIауэ, подполковникыр иджыри зэ тепсэлъыхьащ наркоманиемрэ экстремизмэмрэ щымыгъэIэным, абы щIалэгъуалэр щыхъумэным теухуауэ къапэщылъ лэжьыгъэм.

ЗэIущIэм и кIэухым Бекъалдым Жылагъуэ советым хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ я пщэм дэлъ къалэнхэр жэуаплыныгъэ пылъу зэрагъэзащIэм, цIыхубэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я кум дэлэлу зэрыдэтым папщIэ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● Щэнхабзэ



# ЦIыхубэ артистым IуощIэ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэх-щIэхыурэ жэрдэм гъэщIэгъуэнхэр къыхелъхьэ, пэхуэщIэ хьэлэмэтхэр къызэрегъэпэщ. Ахэр щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкI щэнхабзэ Iуэхугъуэхэм къыщыувыIэркъым, атIэ абыхэм кърашалIэ щIыналъэм и псэкупсэ гъащIэр зыунэтI, щIэблэм я зэхэщIыкIыр къэзыIэт цIыху цIэрыIуэхэр. Апхуэдэщ «ЦIыху цIэрыIуэхэм дадоуэршэр» фIэщыгъэр зыхуащIа пэхуэщIэри. Апхуэдэ зэIущIэхэр егъэкIуэкIынымкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуащ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрыр. ЩIалэгъуалэм я зэхуэсыпIэу щыт центрым и хьэщIэщым япэу кърагъэблэгъари иджыблагъэ цIыхубэ артист цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Лосэн Тимурщ.**

ПШЫНЭР Iэзэу зыгъэбзэрабзэ Лосэн Тимур и цIэр зэхэзымыха адыгэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. ЩIалэ бжьыфIэ нэгуфIэм и зыIыгъыкIэм, и псэлъэкIэм, и утыку итыкIэм, и пшыналъэ гъэIукIэм димыхьэха щыIэкъым, ар зэ зэхиха къудеймэ. Лосэн Тимур и пшынэ еуэкIэр зэхэзыхауэ щыта, хамэщI щыпсэуа тхыдэтх икIи IуэрыIуэтэдж цIэрыIуэ Исмел Оздемыр жиIэгъат: «Мы щIалэр набдзэщ, адыгэ зыIыгъыкIэм и щапхъэщи; джакIуэщ, екIуу адыгэбзэр зэкIэлъегъакIуэри; джэгуакIуэщ, пшынэбзэр гущIэм кърегъэIукIри. Насыпщ, дызэрымыкIуэдыжын гугъапIэщ». НэхъыжьыфIым и псалъэм и щыхьэт дахэщ махуэ бжыгъэ ипэкIэ абы къыхуагъэфэща цIэ лъапIэр – Тимур фIыуэ ялъагъу, къалъыхъуэ, къыщIоупщIэ. ЩIалэгъуалэм деж гулъытэ хэха щызиIэ адыгэ щIалэр хьэщIэщым къыщIрагъэблэгъам и ущхьэгъущ абы бгъэдэлъ зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ.

Тимур иращIэкI зэIущIэм кърихьэлIащ КъБКъУ-м щеджэу адыгэ гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр зыфIэгъэщIэгъуэн щIалэгъуалэр, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм щеджэхэр, егъэджакIуэхэр. УзэщIакIуэ унэтIыныгъэ иIэу къызэпэща хъуа Iуэхугъуэм Тимур утIыпщауэ хэтащ, щIалэгъуалэм зэрызыкъыхуагъэззэну упщIэхэмрэ къыбгъэдалъхьэну зыхуей гупсысэхэмкIэ хуит ищIу.

Апхуэдэу Лосэным игу къигъэкIыжащ япэ дыдэу пшынэр къызэрищтар, япэ пшыналъэхэр къигъэкIынымкIэ и анэшхуэр гупсэхэш къызэрыхуэхъуар. «Ди анэшхуэр, Лосэн ХьэкIуц, пшынэм Iэзэу еуэрт. Щыхъыджэбздэсым ар зыхэмыт джэгур джэгу хъуауэ къалъытэртэкъым, апхуэдизкIэ хэт и къэфэкIэми екIуну пшынэр къызэкIуэцIихырти. И пшынэр Зыми иригъэпэгэкIыртэкъым икIи иригъэфыгъуэртэкъым ар, псоми зэхуэдэу пшынэбзэр къахуригъэкIырт. Ди анэшхуэм дэслъэгъуащ пшынэ уеуэ къудейкIэ пшынауэ узэрымыхъунур, абы хабзэшхуэ зэрыпылъыр, ар зэрылъащIэншэр. Нобэр къыздэсым зы щIэ гуэр къызэкъузох, пшынэ ныбэр сшэщIыху къэси си анэшхуэм и зы псалъэ гуэр сигу къокIыж», – жиIащ Тимур.

УФ-м щIыхь зиIэ и артист, и къуажэгъу щIалэ Нэхущ Чэрим и гъусэу япэ лъэбакъуэхэр утыкушхуэм щызыча Тимур уэршэрым хэту къыжиIащ ар и гъащIэм щыщ зы теплъэгъуэу къызэрызэринэкIар, зыужьыгъуэм, и лъэхъэнэу зэрыщытар. Тимур иджы макъамэ дунейм езым и гъуэгу щыпхешыж, адыгэ IуэрыIуатэмрэ иджырей макъамэмрэ зэрипхыурэ и хъэтIыр къызытещ гъуазджэ къегъэщIыж.

«НэхъыжьыфI хъарзынэхэр къытщхьэщытащ дэ, IуэрыIуатэхэр фIыуэ ящIэу, хъыбарыжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ щыгъуазэу. Дауи, ахэр дэри зэхэтхащ, ди щхьэм къинащ. ИужькIэ, хэтш гъуэгур зыхуэкIуэр наIуэ хъуа нэужь, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ IуэрыIуатэ бейм нэхъыфIу зэрызыщыдгъэгъуэзэным иужь дитащ. Ар лъащIэншэщ, къыпхузэщIэубыдэнкIи Iэмал иIэкъым. Си гурыщIэм къигъэщI пшыналъэм IуэрыIуатэр и жьы къэшэгъуэщ, жыпIэмэ пэж хъуну къыщIэкIынщ. Жьымрэ щIэмрэ апхуэдэу зэхэплъхьэмэ, макъамэщIэ защIэу щэ бжыгъэхэр къигъэщIыныр зыхуэIуа щыIэкъым», – жиIащ Лосэн Тимур.

КъищынэмыщIауэ, Лосэн Тимур «Бзэрабзэ» артгупым и къызэгъэпэщакIуэщ, и унэтIакIуэщ. Тимур и гъусэу зэIущIэм хэтащ Адыгейм щIыхь зиIэ и артист ДыщэкI Артуррэ пшынауэ Чылар Нэсрэнрэ. Уэршэрыр и кIэм щынэблагъэм, абыхэм къагъэIуа уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ зэIущIэр нэгъэсауэ пшыхь дахэ ящIат.

ЗэIущIэм хэта студентхэм упщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд иратащ Лосэн Тимур. Ахэр теухуат джэгуакIуэ утыкум ихьэну хуейм ар зригъэхъулIэн папщIэ ищIапхъэхэм, пшынэ еуэкIэм хэлъ щэхухэм, ехъулIэныгъэхэр зыIэрыбгъэхьэн папщIэ гу зылъытапхъэхэм, нэгъуэщI куэдми. Лъэныкъуэхэр зэщыгуфIыкIыу, екIуэкIа уэршэрымкIэ зэдэарэзыуэ зэбгъэдэкIыжащ.

«ЦIыху цIэрыIуэхэм дадоуэршэр» пэхуэщIэр зи нэIэ щIэт, КъБР-м и радиом и лэжьакIуэ Жыгуэ Иннэ зэрыжиIамкIэ, мыпхуэдэ зэIущIэхэм Iэмал зэриIэкIэ кърагъэблэгъэнущ зи дуней тетыкIэр адыгэ гупсысэм зиужьыным ещхьэпэ цIыху цIэрыIуэхэр. Лосэн Тимур абыхэм зэращыщым шэч хэлъкъым, зэIущIэм кърихьэлIахэм ар гъэщIэгъуэн къазэрыщыхъуар абы щыхьэт тохъуэ. «Япэ лъэбакъуэм и фIагъым елъытащ етIуанэ лъэбакъуэри, ди гуращэхэр къыдэхъулIауэ къысщохъу, Лосэн Тимур хиша лъагъуэм адэкIэ Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ къытетшэну догугъэ», – жиIащ Жыгуэ Иннэ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

# ЗэгурыIуэныгъэ щхьэпэ

● Туризм

**КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ республикэм и Сату-промышленнэ палатэмрэ щIыналъэм промышленнэ туризмэм зыщегъэужьыным хуэунэтIа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.**

ЛЪЭНЫКЪУИТIЫМ япэу ячыну лъэбакъуэхэм хохьэ республикэм и хьэщIэхэмрэ щыпсэухэмрэ щхьэкIэ щIыналъэм и промышленность IэнатIэм ущызыгъэгъуазэ турист лъагъуэхэр къызэгъэпэщыныр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэ иIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым и зэфIэкIхэр хэIущIыIу щIынымкIэ, продукцэхэр пхыгъэкIынымкIэ, цIыху нэхъыбэ щIыналъэм къешэлIэнымкIэ.

Республикэм и туризм IэнатIэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ КъБР-м курортхэмрэ тризмэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ ЩоджэнцIыкIу Муратрэ КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщI ГъукIэлI Хьэсэнрэ.

ЛъэныкъуитIыр зэдэлэжьэнущ республикэм и курортхэм, узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ, псы хущхъуэхэр къыщыщIэж щIыпIэхэм зегъэужьынымкIэ, туризм IэнатIэм, санаторэ-рекреацэ унэтIыныгъэм пыщIа IуэхущIапIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм я жэрдэмхэр ядэIыгъынымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм IэнатIэм и зэфIэкIхэр ди къэралми, хамэ щIыпIэхэми хэIущIыIу щыщIынымкIэ, цIыху нэхъыбэ щIыналъэм къешэлIэнымкIэ, нэгъуэщI Iуэху куэдкIи.

ГъукIэлI Хьэсэн жиIащ туризм IэнатIэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэм иджырей зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ зыужьыныгъэфI ягъуэтыну, абыхэм я бжыгъэми къыхэхъуэну зэрыщыгугъыр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Саугъэтыншэ къэнакъым

**Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр лъэпкъ къэрал драмэ театрым щекIуэкIащ «Хрустальные звёздочки-2025» фестиваль-зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ар къызэрагъэпэщ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм.**



ЖЮРИМ хэтащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я IэщIагъэлIхэр.

- Зэчиифlэ сабий 20-м щIигъум, зи адэ-анэхэр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэхэм, я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ унэтIыныгъэу щым. Дэтхэнэ зы сабийми Iэмал иIащ абы и къарум щеплъыжыну. Иджырей зэпеуэр хэхауэ щхьэхуэт. Мы гъэм ар ирихьэлIащ юбилей тIуащIэм - ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80, Урысей ФССП-р илъэси 160-рэ зэрырикъум. Ахэр къыщыгъэлъэгъуащ суд приставхэм я профсоюз комитетымрэ щIалэгъуалэ советымрэ я къарукIэ ягъэхьэзыра фэеплъ саугъэтхэм. Зэпеуэм хэтхэм я творческэ номерхэр гъэнщIат нэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэм хуащI пщIэмкIэ, ди Хэку иным зэрырипагэмрэ ар фIыуэ зэралъагъумрэ, - жиIащ къызэхуэсахэм защыхуигъазэм зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI, КъБР-м щыIэ УФССП-м и унафэщIым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и суд пристав нэхъыщхьэм и къуэдзэ Литовкэ Наталье.

Утыкум щыIуащ Хэкум, ди щэнхабзэм и дахагъэм теухуа уэрэдхэр. Концертыр къызэIуихри, Бозиевэ Сальмэ игъэзэщIащ цIэрыIуэ хъуа «Матушка земля» уэрэдыр. Къызэхуэсахэр дихьэхауэ едэIуащ Бах, Йенсен, Ловланд сымэ я композицэхэм. Псори итхьэкъуат утыку къихьа «Дыгъэшыр» лъэпкъ къафэмкIэ ансамблым. Артист ныбжьыщIэхэм Iэгуауэшхуэхэр хуаIэтащ.

Жюрим хэтхэм къызэрыхагъэщащи, текIуахэр къыхахыныр тынштэкъым, дэтхэнэми къилэжьати. «Уэрэд жыIэн» номинацэм я ныбжь елъытауэ япэ увыпIэр щаубыдащ Ким Викторрэ Макаренкэ Мариерэ.

«Къафэ» унэтIыныгъэм нэхъыфIу къыщалъытащ «Дыгъэшыр» ансамблыр, «И Iэзагъым папщIэ» номинацэм бжьыпэр щаубыдащ Уэжь Идаррэ Уэдыхь Албэчрэ.

ТекIуахэм щIыхь тхылъхэр яритащ КъБР-м и профсоюзхэм я рескомым и унафэщIым и къуэдзэ Башиев Алим. Зэпеуэм хэта дэтхэнэ ныбжьыщIэри саугъэтыншэу къэнакъым.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Сабиигъуэ хъуэпсапIэр IэщIагъэ хуэхъуащ

***Гугъуэт Миланэ сабийхэм я дзэм еIэзэ дохутырщ, «Дента Лэнд» дзэ клиникэм щолажьэ. НыбжькIэ щIалэ пэтми, гурэ псэкIэ къыхиха IэщIагъэм и и Iэмалхэмрэ щэхуу хэлъхэмрэ къигъэIэрыхуащ. ЦIыкIухэм я узыншагъэм укIэлъыплъыным къалэн къыпщещI ахэр фIыуэ плъагъунри къыдэпхьэхыфынри. Миланэ абыи полъэщ. Зи дзэ игъэхъуж цIыкIухэр дохутырым и деж кIуэну яфIэфIщи, сурэтхэр хуащIурэ хуахь, усэщIэ зэрагъэщIамэ къыхуоджэ, хьэпшыпыщIэ къахэхъуами ирагъэлъагъу. ИтIанэ, дохутыр Iэпэ щабэм и «псэлъэгъу» цIыкIухэм я дзэхэр щIэрыпс яхуещIыжри, гуфIэу щIегъэкIыж.***

***И IэщIагъэр къызэрыхихам, и студент гукъэкIыжхэм, лэжьыгъэм гукъыдэж къызэрыхихым теухуауэ депсэлъащи, къыджиIам фыщыдогъэгъуазэ.***

**- Дзэ дохутыр IэщIагъэр къызэрыхэпхам и гугъу къытхуэщIыт, Миланэ.**

- СызэрыцIыкIу лъандэрэ сехъуапсэрт хъэлат хужь сщыгъыу сылэжьэну. Сабий сад нэужьым си анэр здэлажьэ сымаджэщым сыздишэрти, абы щылажьэхэм сехъуапсэрт. Нэхъ ин сыкъэхъуа нэужь, дзэм щеIэзэ поликлиникэм сашэурэ си дзэхэм кIэлъагъэплъырт. Абы щыгъуи си дзэхэм къеплъ дохутырым набдзэгубдзаплъэу сыкIэлъыплъырт. И IэбэкIэр, Iэмэпсымэхэр зэриIыгъыр, къызжиIэхэр - псори сфIэгъэщIэгъуэнт. Ахэр лъабжьэ хуэхъуауэ къысщохъу си IэщIагъэр къыхэсхыным. Курыт еджапIэр къыщызухым, сызыхуеджэнум теухуауэ си адэ-анэм сыхагъэзэзыхьакъым, «Уэ езым уи гум нэхъ пIэпихыр IэщIагъэ пхуэхъунщ», - жаIэри. Медицинэрат си нэ къызыхуикIри, сытрагъэгушхуащ. Курыт еджапIэр (Налшык гимназие №13-р) 2016 гъэм къызэрызухыу, КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетым стоматологиемкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. ИлъэситхукIэ седжэри, 2021 гъэм ординатурэм сыкIуащ. 2023 гъэм ари къэзухащ.

**- Уи студент гукъэкIыжхэр сыт хуэдэ?**

- Дыщыстудентар куэдрэ сигу къокIыж. Сыщеджэм старостэу сыщытащ. Ди гупыр зэкъуэтт, зэхуэгъэкIуатэ диIэт. Ноби дызэрыщIэу, зыр адрейм лэжьыгъэ IуэхукIэ чэнджэщэгъу дызэхуэхъуу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ.

Медицинэм ухуеджэным, ар IэщIагъэ пщIыуэ уи гъащIэр еппхыным жэуаплыныгъэ хомылъхьэу хъунукъым. Сыту жыпIэмэ, цIыхум и узыншагъэм теухуащ а IэщIагъэр. Гугъущ, дауи, уеджэнри улэжьэнри. Ауэ сыдихьэхыу седжащ, тхылъыр псом япэ изгъэщащ. Экзаменхэр щызиIэм деж, си хьэщIапIэ кIуэнри, тIэкIу зытезгъэунри къэзгъанэрт. Iыхьлыхэм я хьэгъуэлIыгъуэ куэд зыхэзгъэкIыжащ экзамен сиIэу техуэурэ.

**- Уи лэжьыгъэм узыгъэгушхуэу сыт хэлъыр?**

- Зыгуэрым и дзэм узэреIэзамкIэ арэзы пщIауэ, зы сабий и дзэхэм зэрыхуэсакъын хуейр гурыбгъэIуарэ гуфIэу щыщIэкIыжым деж гукъыдэжым зеIэт. Ар къаруи пхуохъу адэкIэ уигурэ уи псэрэ етауэ Iуэхум пыпщэн папщIэ. ИужькIэ хуэныкъуэ хъуми, адэ-анэхэм сабийхэр къашэ къытрагъазэурэ. Апхуэдэу дзыхь къыщыпхуащIкIи уи гуапэ мэхъу, дауи.

Дзэ узыр Iейуэ уигу хэзыгъэщIхэм, узыгъэгуэуэщхьэуэхэм ящыщщ. Ар цIыхум щхьэщыпхыфмэ, и узыншагъэм теухуауэ сэбэп ухуэхъуфмэ, аракъэ IэщIагъэм и IэфI хъужри!

**- Сабийхэм уеIэзэныр къыхэпхащ...**

- Ординатурэм сыщIэтIысхьа къудейуэ, Налшык «Денталенд» клиникэм лэжьэн щыщIэздзащ ассистенту. Илъэсрэ никъуэрэ зи ныбжь сабийхэм я дзэм елэжь дохутырым и дэIэпыкъуэгъуу сыщытащ. Дохутырым сыдэлэжьэху сабий зыблэкIхэм садэуэршэрурэ, згъэджэгуурэ, садэгушыIэурэ сыдахьэхащ. «Мис мы псэ къабзэхэращ сэ сызэIэзэну сыхуейр», - жысIащ сигукIэ. 2023 гъэм ординатурэр къызэрызухамкIэ дипломыр къызэрысIэрыхьэжу, сабийхэм я дзэ дохутыру лэжьэн щIэздзащ. Сабийхэм садэлэжьэнымкIэ сэбэп къысхуэхъуахэщ, сыт щыгъуи упщIэжэгъу сщIахэщ, нобищ щхьэпэ куэд я деж къыщысщIэу садолажьэ сытым дежи фIыщIэ лей зыхуэсщI дохутырхэм: дзэ клиникэр зыгъэлажьэхэу Ало Элянэрэ Бахъсэн Дианэрэ, зи дэIэпыкъуэгъуу сыщыта Быф Дианэ.

**- ЦIыкIухэм я дзэр хъума хъун папщIэ сыт хуэдэ чэнджэщхэр ептынт адэ-анэхэм?**

- Сабийм и япэ дзэр къыщыхэжам щегъэжьауэ, абы хуэсакъын, кIэлъыплъын хуейщ. Япэ дзэм щыщIэдзауэ, зырызыххэу лъэщIын хуейщ. Iэмэпсымэ тыншхэри щыIэщ мы зэманым абы папщIэ. Iэпхъуамбэм палъхьэ селиконри дзэр зэрагъэкъабзэ хъыдан хужь цIыкIухэрами хъунущ къэбгъэсэбэп. Сабийм и дзэр махуэм тIэу лъэщIын хуейщ. ПхъэщхьэмыщхьэхэР, гъэшхэкIхэр нэхъыбэу ебгъэшхыу, IэфIыкIэр ебгъэгъэмащIэмэ нэхъыфIщ. Си деж къашэ цIыкIухэм яжызоIэ дзэм зэрыдэIэбэ Iуданэ псыгъуэм хуэдэ махуэ къэс къагъэсэбэпыну. Мазищ къэсыху дзэ дохутырым деж пшэну щхьэпэщ сабийр.

**- Миланэ, уи сабиигъуэр уигу къэбгъэкIыжмэ, сытхэр уи нэгу къыщIыхьэрэ?**

- Сабиигъуэр сигу къэзгъэкIыжмэ япэу си нэгу къыщIыхьэжыр къуажэхэм сашэжу зэрыщытарщ. Къармэхьэблэ джабащхьэм си адэшхуэм сыдишырти, удз гъэгъа дахэхэр зэхуэсхьэсырт, псыежэхым сишэрт, губгъуэм зыщызигъэплъыхьырт. ИтIанэ, дадэ и хъыбархэр, и чэнджэщхэр, и ущиехэр ящыщщ гукъэкIыж хуабэхэм. Сэ сыдохутыр хуэдэу, дадэ сымаджэрэ ар згъэхъужу сыджэгуу зэрыщытар си гум IэфIу илъщ.

Си анэшым - Зеикъуэ - сыщашэри гухэхъуэт. Нэхъыжьхэр къедгъэтIысэкIырти, ахэр Iэгу къытхуеуэу, си анэ дэлъхум и къуэхэм сэрэ теплъэгъуэхэр дгъэлъагъуэрт, дыкъафэрт. Си анэшхуэм хадэ дахэу зэрихьэрти, ар тфIэтелъыджэу, хадэхэкIыу итхэм дытепсэлъыхьурэ телефонкIэ видео цIыкIухэр теthхырт. Иджы къыдощтэжри доплъыж ди видеотеплъэгъуэхэми, дродыхьэшхыж.

Си сабиигъуэ гукъэкIыжхэм ящыщщ курыт еджапIэм сызэрыщIэсари. АдыгэбзэмкIэ зэпеуэхэм сыхэту щытащ куэдрэ. 8 - 9 классхэм сыщыщеджэхэм «Джэгурэш» зэпеуэм сыхигъэхьэрт егъэджакIуэм. Егъэлеяуэ сегугъуу зыхуэзгъэхьэзырт, ди бзэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэдым гу лъыстэрт. Адыгэ шхыныгъуэхэр пщэфIынымкIэ зэгуэр зэпеуэ сыхыхьати, си анэшхуэм щIыгъуу пасэрей шхыныгъуэ зыбжанэ сыпщэфIауэ щытащ. Абы щыгъуэ сигу изубыдащ си анэшхуэм «кIэрахъуэ тегъауэ» жыхуиIа адыгэ шхыныгъуэр. Дзажэ гъэгъуар мафIэ дэпкIэ игъажьэрти, абы къыщIэжа дагъэр мэрамысэ хуабэм щIикIэрт. ЩIакхъуэ зэтеупIэщIыкIым и пщэфIыкIэми сригъэсауэ щытащ си анэшхуэм.

**- ЯпэкIэ укIуэтэнымкIэ сэбэп къыпхуэхъуу сыт хуэдэ хьэл-щэн пхэлъ?**

- Си гум ислъхьаIамэ, ар зэзгъэхъулIэным ерыщу зызопщыт, Iуэху никъуэщIэ къэзгъанэркъым.

**- Насыпыр сыт уэркIэ?**

- Сэ насыпыр къызэрызгурыIуэр мыращ: уи нэхъыжьхэр пхуэузыншэу къыпщхьэщытмэ, къыбдекIуэкI цIыхухэм я Iуэхухэр ефIакIуэмэ, дунейр щIэращIэмэ, мамырыгъэр диIэмэ, гуапагъэ ди зэхуаку дэлъмэ, уигу къыдыхьэ лэжьыгъэ IэнатIэм уузыншэу упэрытмэ, цIыхухэм сэбэп уахуэхъуфмэ - ар насыпщ. Дэтхэнэ зи насып къэкIуэгъуэри ехъуапсэу си гугъэщ унагъуэ дахэ иухуэну. Сэри абыхэм сащыщщ. ЦIыхум и кIэм нэсу насыпыфIэу зибжыжын щхьэкIэ унагъуэ хуэныкъуэщ, дауи. ГуфIэгъуэри гуауэри зыдигуэшын гъащIэ гъусэ зиIэр насыпыфIэщ.



*Епсэлъар* **НАФIЭДЗ Данэщ.**

# Жьгъейхэр фхуэтрихьамэ

**2025 гъэм мэлыжьыхьым и 12 - 19-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIынущ «Ахъшэ жьгъейм и тхьэмахуэ» Iуэху щхьэпэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэм а пIалъэм къриубыдэу Iэмал яIэнущ унэм щаIэ жьгъейр тхылъымпIэ ахъшэхэмкIэ яхъуэжыну. Iуэхугъуэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар тыкуэнхэм ахъшэр щызэIэпыхыгъуафIэ щIынымрэ къэралым къыщыщIагъэкI гъущI ахъшэм трагъэкIуадэр гъэмэщIэнымрэщ.

«Ахъшэ жьгъейм и тхьэмахуэ» Iуэхум хэтынущ сату щIыпIэхэри банкхэри. Уеблэмэ банкхэм ахъшэр къыщыпхуахъуэж къудей мыхъуу, ар иджыри цIыхум и цIэкIэ къызэIуаха счет щыIэмэ, абы хухалъхьэнущ е къыщыхузэIуахынущ. Абы щхьэкIэ узыхуеинур паспортырщ. ЗэрыжаIэу, унэм щызэтрихьа ахъшэ жьгъейм ар хъумапIэфI хуэхъунущ.

Мыдрейуэ, ахъшэ жьгъейр банкхэм е тыкуэнхэм яхъуэжыну яхьын ипэ къихуэу, ахэр зэхэдзауэ щытын хуейщ, нэхъ бжыгъуафIэ хъун папщIэ, цIыхухэри зэтримыхьэн хуэдэу. Я куэдагъкIэ дапхуэдиз хъуми зэран щыIэкъым, ауэ ахэр къыщыдагъэкIауэ щытын хуейр 1997 гъэм иужькIэщ.

Iуэхум теухуауэ упщIэ зиIэхэр мы сайтымкIэ щыщIэупщIэ хъунущ - монетнаянеделя.рф.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**






# Ар мыхъуамэ




Сабий гуэр зеиншэ хъури, и Іыхьлы жыжьэ гуэрым зришэлІэжат. Ар къэзыщтэжа лІыр къыхуэгущІэгъуншэт: щІалэ цІыкІум щІэх-щІэхыурэ удын гъущэ иридзырт, езыр шха нэужь, къанэр къыхуидзырт, и ней къыщыхуэмэ, щІыунэм щІидзэрти, сыхьэт бжыгъэкІэ щІигъэсырт, нэгъуэщІ сабийхэм дигъэджэгуртэкъым.

Зэгуэрым а псор хуэмышэчыжу щІалэ цІыкІур къыщІэпхъуэжащ. Куэдрэ къызэхикІухьащ абы дунейр: щІакхъуэ Іыхьэ щхьэкІэ лъаІуэу, къыздыпэщІэхуэм щыІурихыу. Зэгуэрым ар тежеящ дзэ хуэІухуэщІэхэм щыхуагъасэ школым и бжэщхьэІум. Школым и гъэсакІуэр апхуэдизкІэ лъэщти, и хъыбарри жыжьэ нэсат. Абы зришэлІащ щІалэ цІыкІур, дзэ хуэІухуэщІэхэми хуигъэсащ. Илъэсхэр кІуащ. ЩІалэ цІыкІур и гъэсакІуэм лъэщІыхьэжащ ІэзагъкІэ. ГъэсакІуэр щылІэм и школыр щІалэм къыхуигъэнащ. Зэгуэрым щІалэр и гъэсэнхэм я гъусэу и сабиигъуэр щыкІуа щІыпІэхэм къыщыхутащ. Куэбжэпэ гуэрым деж щыст щІалэм и благъэ ткІийр.

- Мо лІыжьращ сыкъызыфІыщІэпхъуэжауэ щытар, - яжриІащ абы и гъусэхэм.

Модрейхэм я къамэхэр кърапхъуэтат я гъэсакІуэм илъ ящІэжыну. Ауэ щІалэм къигъэувыІащ ахэр:

- Сэ абы фІыщІэшхуэ хузощІ. Иджыпсту сиІэ псори абы и фІыгъэкІэ зыІэрызгъэхьащ. Сэ сызэрыхъунур хэтыт зыщІэр ар мыхъуамэ?

●Шхыныгъуэхэр

## Бжэным и лымрэ и тхьэмщІыгъумрэ гъэбэкхъауэ



Къуршхэм, мэзхэм къыщыхъу псэущхьэхэм я лыр куэдкІэ нэхъ ІэфІщ икІи нэхъ къэуат ящІэлъщ унагъуэ Іэщым ейм нэхърэ, я лыр нэхъ быдэ щхьэкІэ. Сыту жыпІэмэ, а псэущхьэхэр къэкІыгъэ, шхыныгъуэ хэплъыхьакІэ, къабзэкІэ машхэ. Псом хуэмыдэу губгъуэ бжэным и лыр адыгэм зыпищІ щыІэкъым. Ар узыфэ куэдым я хущхъуэу ялъытэ.

Мы ерыскъыгъуэр ягъэхьэзырын щхьэкІэ нэхъ къыхахыр куэлщ е тхыцІэлщ. ЛыпцІэр зэпаупщІ г 40-50 хъууэ, и Іувагъыр зы сантиметрым нэсу. ТхьэмщІыгъу гъэкъэбзари апхуэдэ дыдэу яупщІатэ. Лыри тхьэмщІыгъури тепщэчышхуэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри фІыуэ зэІащІэж. ИтІанэ тебэкІэ тхъу къагъэплъ, абы лыри тхьэмщІыгъури халъхьэри, зэІащІэурэ ягъажьэ. Тхъуэплъ мэхъу щыжаІэм, ІупщІэурэ упщІэта бжьыныщхьэ щІалъхьэри, тхъуэплъ хъуху псори зэдагъажьэ, мафІэр нэхъ ешэхауэ. Абы иужькІэ лым халъхьэ губгъуэпхъ упщІэта, зэІащІэурэ лыр щІигъанэ къудейуэ шатэ Іув щІалъхьэ, тебащхьэр трапІэжри мафІэ цІыкІум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Іэнэм пщтыру тепщэчкІэ трагъэувэ. ПІастэ, мырамысэ хуабэ дашх. Чыржыни, мэжаджи, хьэлІами докІу.

***Халъхьэхэр (цІыхуищ Іыхьэ):*** лыуэ грамм 750-рэ, тхьэмщІыгъуу грамми 150-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ грамми 100, шатэу грамм 300, тхъууэ грамми 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну узыхуейм хуэдиз.

## Губгъуэджэш плъыжь зыхэлъ хьэлыуэ

ШыуанкІэ тхъу къагъэплъ, бэлагъкІэ зэІащІэурэ абы джэш хьэжыгъэ ухуэнщІар хакІутэ, мафІэ щабэм тету, зэпымыууэ зэІащІэурэ, хьэзыр хъуху, дакъикъэ 27-30 хуэдизкІэ, ягъажьэ. ИтІанэ мафІэр щабэ дыдэ ящІри, абы фо гъэткІуар хакІэ, псынщІэу бэлагъкІэ япщурэ, Іув хъуху ягъажьэ дакъикъи 2-3 хуэдизкІэ. Хьэзыр хъуа хьэлыуэр шыуаным кърагъэщэтри, тхъу зыщыхуа Іэнэм тралъхьэ. Я Іэр псы щІыІэм хащІэурэ псынщІэ дыдэу яубэ, зэпэплІимэу е хъурейуэ. Адрей хьэлыуэхэр зэрызэпаупщІым хуэдэу зэпаупщІ икІи яшх.

***Халъхьэхэр:*** тхъууэ грамм 200, губгъуэ джэш хьэжыгъэ ухуэнщІауэ - грамм 900, фоуэ – грамм 500.



**КЪУБАТИЙ Борис.**

●Псалъэжьхэр

## Джатэрыпщ нэхъррэ пщы Іущабэ

♦**ЗэбгъащІэр ІэщІагъэщи умыщІэр ІэфІщ.**
♦**ЛІы и къуэгъурэ вы и гъурэ.**
♦**Хуэмыху и Іуэху блэкІыркъым.**
♦**ЛэжьэнкІэ уашхэщ, шхэнкІэ дыгъуэжьщ.**
♦**Бзу кхъуей фІэкІа ямыІэ щыІэкъым.**
♦**Джатэрыпщ нэхърэ пщы Іущабэ.**
♦**Дыжэф пцІанэ хъуркъым.**
♦**Зи вакъэ зэврэ зи гъавэ мащІэрэ.**
♦**Дзэм иуфэкъа лъахэрэ мацІэр зыпхыкІа хадэрэ.**
♦**ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.**
♦**Хэкужьыхьэ лъэщщ.**
♦**ЖаІэр къос, ясэр къокІ.**
♦**Зи игъуэр дахэщ.**
♦**Лъакъуэ зышхыр щхьэ шхыгъуи йохуэ.**
♦**Мардэ зимыІэ щыІэкъым.**
♦**Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.**
♦**Ныбэрэ бынкІэ псори зэхуэдэщ.**
♦**Псышхуэм псы цІыкІу хокІуадэ.**
♦**Уигу ирихьыр ІэфІщ, фІыуэ плъагъур дахэщ.**
♦**Ущыджэлэнур пщІэтэмэ, упщІэ бгъэтІылъынт.**

●Псалъэ шэрыуэхэр

## Уи хьэ фІэпщ и цІэщ

**Щыгъын - гуащэщи, ятІэ - пщы унэщ.**

ЦІыхур екІуу пхуапэмэ, дахэ мэхъу, унэр, тэмэму ятІэ зепхьэмэ, пщыхэм я унэм хуэдэу, бжьыфІэ мэхъу жыхуиІэщ.

**Улъэщмэ, ухейщ.**

Зыгуэрым и щхьэзыфІэфІагъым, и залымыгъэм, зэрихьэ хабзэншагъэм е захуагъэ хэмылъу судыр щІа зэрыхъуам къыхэкІыу зылъэкІ мысэр хейуэ къыщІидзу, лажьэ зимыІэ тхьэмыщкІэр щыхилъафэм деж, цІыху цІыкІум ягу хэщІу къапсэлъ хабзэщ.

**Зэхэзылъхьэ зэхихыжынщ.**

ЦІыхум зэхищІыхьа Іуэхум, илэжьа щыуагъэм, н.къ. папщІэ хуэфащэр егъуэтыж.

**Мывэ щылъ и щІагъ псы щІэжыркъым.**

Уи Іэр зэтедзауэ ущыскІэ Іуэхур зэфІэкІынукъым – зыгуэр щІэн, лэжьын хуейщ. Жэрдэм щІын хуейуэ щытыкІэм къыщигъэувым деж къапсэлъ хабзэщ.

**ПащІэ гъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым.**

Іуэхур зэгупсысыпхъэщ, гузэвэгъуэ зыхэлъщ.

**Пэ зиІэм кІэи иІэщ.**

ЖаІар е нэгъуэщІ зыгуэрыр ирикъуну – абдежым щыухын хуейуэ къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

**Уи хьэ фІэпщ и цІэщ.**

Ууейм уэ хуэпщІыж пщІэращ адрейхэм къыхуащІынур.

**Уи щхьэ си щхьэ нэхърэ, си щхьэ гуэр.**

Зи щхьэ закъуэ Іуэхум фІэкІа нэгъуэщІым емыгупсыс цІыхум теухуащ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **6**. Уэгъум ... уэлбанэм къехьыжри, уэлбанэм ... уэгъум къихьыжыркъым. **7**. Благъэ ... нэхърэ гъунэгъуфІ. **8**. Гъуабжэ псори мыщэкъым, лыд псори ... **11**. Псы икІыгъуэм унэмысу уи ... умыІэт. **12**. Уи ... гъаплъи уи лъэ гъэув. **17**. ... губзыгъэ зыгъэлІэн ишхыркъым. **19**. ... ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ. **20**. Гунэс ... саугъэт умыщІ.

***Къехыу:*** **1**. ЦІыхугъэ ... жагъуэгъуи иІэщ. **2**. ... зимыІэ щыІэкъым. **3**. ХьэщІэ ... псы кІэщІакІэ. **4**. Щихури лъагэ дыдэу докІей, къыпыкІэІакъым ... **5**. Гъэ мэкъумэш ... яух. **9**. ХьэщІэр хьэзыр ..., бысымыр хьэзыр? **10**. ЦІэр елъэри, бжьыдзэр .... **13**. ... дыгъэм кІагъуэпскІэ уегъэпскІри, бжьыхьэ дыгъэм тхъупс къыптрекІэ. **14**. ЩІым зы ..., щэ къыуетыж. **15**. Щхьэхынэр ..., псыбафэр куэд мэхъу. **16**. Уи ... темыль тумылъхьэ. **18**. ... блэкІам щІакІуэ кІэлъумыщтэж.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Мэлыжьыхьым и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Ущ. **5**. Уэд. **6**. Пэ. **7**. Къуэдз. **8**. Пэщ. **10**. Уфа. **12**. Шыхъуэ. **13**. Фырэ. **14**. Гъудэ. **16**. Къута. **18**. ГъукІэ. **20**. Яе. **21**. Щихъ. **22**. Щэ.
***Къехыу:*** **1**. Ущ. **2**. КІэрэф. **3**. ГупкІэ. **7**. Къулъшыкъу. **9**. Щхьэзэ. **10**. Уэгъу. **11**. Афэ. **15**. Дадий. **17**. Тхуей. **19**. КІэщт.



# Дахагъэм зэкъуигъэувэхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм етIуанэу щызэхаублэ «Гардарика-Кавказ» арт-фестивалыр.**

ЗЭРЫРАГЪАЖЬЭРЭ илъэситху хъу мы Iуэхур ди щIыналъэм етIуанэу щокIуэкI. Зи хъэтI, зи дуней еплъыкIэрэ гупсысэкIэрэ зиIэж художникхэм я лэжьыгъэхэр щыболъагъу абы. Гур хэзыгъахъуэщ ди сурэтыщIхэу Ахъмэт Лиуан, Сарбашев Анзор, Црым Руслан сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. Ленинград СурэтыщI гъуазджэмкIэ и школым и художникхэм, Петров-Водкин и гъэсэнхэу Прошкинхэ Викторрэ Анатолэрэ, Беловская Викторие сымэ я лэжьыгъэхэр. АдэкIэ къокIуэ Блинов Стас, Крафт Еленэ, узбек сурэтыщI Бахтеев Айвар, Никонов Сергей, Бесараб Юлие, Горнэ институтым и профессор, ятIэ гъэжьам елэжь Петров Викторрэ абы и гъэсэн Кравцовэ Мариерэ я сурэтхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ хамэ къэралхэм щыщ художникхэм я IэдакъэщIэкIхэри. Сурэтхэр, графикэ, скульптурэ, художественнэ керамикэ жыпIэми, абы гъуазджэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIрагъэубыдащ. Художникхэм я лэжьыгъэхэм щIагъужащ я сурэтрэ я творчествэм теухуа тхыгъэрэ.

Выставкэр къызэIуихащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм профессиональнэ гъуазджэмрэ художественнэ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ПащIэ Рамед. Абы къызэхуэсахэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, зи лIыкIуэ министерствэм и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин Iуэхум хэтхэм зэрызахуигъазэ хъуэхъумрэ псалъэ гуапэхэмрэ яжриIащ.

- Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр гъэщIэгъуэнщ икIи ахэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа художникхэм я гъащIэмрэ гуащIэмрэ зыщыбгъэгъуэзэнымкIэ IэмалыфIщ, - жиIащ ПащIэ Рамед. - ХьэщIэхэм мы Iуэху дахэр къызэрызэрагъэпэщамкIэ фIыщIэ яхуэфащэщ. ЩIэщыгъуэ куэд щыплъагъу мы выставкэм цIыхушхуэ къекIуэлIэну ди гуапэщ!

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий художникхэм я нэкIэ тхыдэр, дахагъэр къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм налшыкдэсхэр еплъыну Iэмал зэраIэмкIэ ехъуэхъуащ.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Темыркъан Геннадий къыхигъэщащ художник Iэзэхэр ди къэралым, республикэм зэримымащIэр, сурэтыщI гъуазджэм гъунэ зэримыIэр, мы Iуэху щхьэпэм дяпэкIи къыпащэу зрагъэубгъуну зэрыщыгугъыр.

СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, и къудамэм и унафэщI Леонтьевэ Нинэ выставкэм зыкърезыгъэхьэлIахэр щигъэгъуэзащ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэр зэрызригъэцIыхуамрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ахэр къызэрыригъэблэгъамрэ.

Выставкэр езыгъэкIуэкI Пинижаниновэ Еленэ Iуэхур зи жэрдэмхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщIымрэ и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ, фестивалыр къызэрагъэпэщыным теухуауэ илъэс етIуанэ хъуауэ къазэрыдэIэпыкъум папщIэ. Ар тепсэлъыхьащ «Гардарика» арт-фестивалым и тхыдэ дахэм. Абы къыхигъэщащ Санкт-Петербургрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэпыщIэныгъэр жыжьэ къызэрыщежьэр, Ленинград блокадэм щыгъуэ а къалэм щеджэ ди художник куэд къадеджэхэм ядэIэпыкъуауэ зэрыщытар, иджыри а хабзэ дахэм, зэныбжьэгъугъэм мы IуэхумкIэ зэрыпащэр.

Зэхыхьэм и эксперт, искусствовед Кирилловэ Риммэ щхьэхуэу къытеувыIащ зи лэжьыгъэ ягъэлъагъуэ художникхэм. Абы жиIащ Iуэхур япэщIыкIэ я Эрмитажым и къудамэу Выборг къалэм щыIэм къызэрыщызэрагъэпэщар. Абы Урысейм и къалэ цIыкIухэм къыщыпащэну зэраубзыхуар, зи лэжьыгъэхэр щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызыгъэлъагъуэ художникхэм папщIэ.

Фестивалым хыхьэу лекцэхэр, зыплъыхьакIуэхэр, мастер-классхэр, пшыхь щIэщыгъуэхэр къызэрагъэпэщынущ. Мэлыжьыхьым и кIэ пщIондэ выставкэр лэжьэнущи, налшыкдэсхэм, ди хьэщIэхэм щыщ куэд абы щызэблэкIыну къыщIэкIынщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Аслъэнбэч фIыщIэ хуращI

**Футбол**



*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Нарт» (Черкесск) - 1:1 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 9-м. ЦIыху 300 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Цурков (Москва), Пичугин (Ставрополь), Волков (Москва).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Пириев, Джыназ, Чичбэ, Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Блий (ЛIуп, 76), Далиев (Къардэн, 64), Хьэшыр, Лысенкэ, Мусаев (Шэрджэс, 79).

«**Нарт**»: Туаев, Лелюкаев, Шахтиев, Гирзишев, КIанжэ, Болгов (Бостанов, 77), Дэхъу (Тхьэкъуахъуэ, 84), Бацу, Колотыгин (Ульбашев, 67), Машэжь, Суанов.

**Топхэр дагъэкIащ**: Мусаевым, 15 (1:0). Суановым, 36 (1:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Суановым, Дэхъум.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым «Спартак-Налшыкым» къыщыпэщылът ди къуэш республикэхэм я командэхэм зэкIэлъхьэужьу щаIущIэну. ЯпэщIыкIэ, вэсэмахуэ, кърагъэблэгъат Черкесск и «Нартыр», махуищ дэкIынурэ езыхэр Адыгейм кIуэнут, Мейкъуапэ и «Дружба»-м хуэзэну. Зым къикIауэ футболист зыбжанэ адрейхэм сыт щыгъуи зэрахэтыр къэплъытэмэ, ахэр удэзыхьэхыу екIуэкI зэпэщIэтыныгъэхэщ. Къапщтэмэ, вэсэмахуэ Черкесск и «Нартыр» джэгупIэ гугъум абы и капитану къизышар илъэс зыбжанэкIэ «Спартак-Налшыкым» и щIыхьыр екIуу зыхъума Машэжь Ратмирщ. Абы дэщIыгъут ди лъахэгъу Дэхъу Ислъамрэ Лелю-каев Аланрэ. Мэкъуауэ Алимрэ Ульбашев Ислъамри Къэрэшей-Шэрджэсым и командэ нэхъыфIым хэтт икIи дапщэщи зэIущIэм къыхыхьэну хьэзырт. Иужьым апхуэдэуи ищIащ, джэгум и кIэухым.

«Спартак-Налшыкми» «Нартми» мыгъэрей зэхьэзэхуэр зэхуэдэу ирагъэжьащ. Джэгугъуищ ирагъэкIуэкIам яужькIэ тIуми очко щырыщ яIэу арат, текIуэныгъэ зырыз зыIэрагъэхьарэ тIорытIэ къыхагъэщIауэ. Дауи, дэтхэнэми и Iуэхур игъэзэкIуэжын хуейт икIи абы мы зэIущIэм щрагъэжьэну щIэхъуэпсырт.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я командэ нэхъыфIхэр совет зэманми иджырей лъэхъэнэми куэдрэ зэIущIэщ. Нэхъапэм хэпщIыкIыу тепщэныгъэр ди щIалэхэм яIэщIэлъащ. Арщхьэкiэ, зыкъом щIауэ хэмытауэ, урысейпсо зэхьэзэхуэм къыхыхьэжа Черкесск и «Нартым» налшыкдэсхэр пэмылъэщыж хъуащ. ЖыпIэнуирикъунщ нэгъабэрей зэпеуэм щыIа джэгугъуитIми ди къуэшхэр къызэрыщыттекIуар. Ар икъукIэ гухэщI ищIат Налшык щыIэу бжыгъэшхуэ дыдэкIэ дыкъызэрыщыхагъэщIауэ щытам.

Ди щIалэхэм вэсэмахуэ Iэмал ягъуэтат нэгъэбэрей щIэщхъуэр ягъэзэкIуэжыну. Абы папщIэ «Нартым» текIуэн хуейт, хъумэ бжыгъэ нэхъ иныIуэкIэ.

Джэгум и пэщIэдзэм апхуэдэ гугъэфIхэр щIигъэбыдат. «Спартак-Налшыкым», мы гъэм зэрихабзэу, лъэщу икIи псынщIэу иригъэжьащ икIи хьэщэIхэр я гъуэм ирикъузылIащ. зы ебгъэрыкIуэныгъэм адрейр къыкIэлъыкIуэрт, къапэщIэтхэр игъэгужьейуэ. Апхуэдэхэм ящыщ зым, епщыкIутхуанэ дакъикъэр екIуэкIыу, ди гупым и капитан Хьэшыр Алан сэмэгурабгъумкIэ щыкIуэцIрыкIащ икIи абы Iэзэу къыхита топыр Мусаев Магомед щхьэкIэ гъуэм дигъэкIащ.

ЩIэдзэкIэр дэрэжэгъуэ къозытт, ауэ набдзэгубдзаплъэу «Спартак-Налшыкым» и мыгъэрей джэгукIэм хущытхэм гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым япэ дакъикъэ тIощIрэ тхум иужькIэ ди футболистхэм я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм топ зэрыдамыгъэкIыфым. Ахэр щIэхъуэпсырт иджыри зэ нэхъ мыхъуми хьэщIэхэр ягъэдзыхэну.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, япэ джэгугъуищми хуэдэу, жыджэру къыщIадза пэтми, налшыкдэсхэр хуэм-хуэмурэ етIысэхащ икIи япэ Iыхьэм и кIэухым ирихьэлIэу я никъуэкъуэгъухэр къатегуплIэпащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым КIанжэ Малик ижьырабгъумкIэ ди гъуэм къыщыбгъэдыхьащ икIи дэнэ щыджэгуми топ къытхудэзыгъэкI Суанов Руслан щхьэкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ищIащ.

ЩытыкIэм зихъуэжакъым загъэпсэхуу къихьэжа иужькIи. Уеблэмэ, «Нартым» и ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъыбэж икIи нэхъ шынагъуэж хъуащ.

ЗэрытемыкIуэм «Спартак-Налшыкыр» игъэгубжьын икIи ипэкIэ игъэкIуэтэн хуейт. Арщхьэкiэ апхуэдэ зэфIэкI къылъыкъуэкIакъым. Уеблэмэ, ар зылъэгъуа хьэщIэхэр нэхъ ерыщыжу ебгъэрыкIуэ хъуащ, Налшык очкоищ ирашыну хущIэкъуу. Я хъуэпсапIэр къайхъулIэнкIи хъунт, ди гъуащхьэтет Къумыкъу Аслъэнбэч и Iэзагъ лъагэр мыхъуатэмэ. Мызэ-мытIэу абы налшыкдэсхэр къригъэлащ, зэм топыр гъуащхьэм техуэри, къэлъеижащ.

Сытми, афIэкIа лъэныкъуэхэм топ дагъэкIыфакъым икIи, зэкъуэшхэм зэрахабзэу, очко зырыз зыIэрагъэхьэри зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ. АрщхьэкIэ блэкIа зэIущIэм кърикIуа бжыгъэхэр ди дежкIэ ухэзыгъаплъэщ: «Нартыр» ди гъуэм 15-рэ къеуащ (9-м хуэзэу), «Спартак-Налшыкым» ейр - 4 (1); угловойуэ хьэщIэхэм къыхата 11-м пагъэувыфар 3 къудейщ. Ди футболистхэми абыхэм я тренерхэми зэлэжьынрэ зэгупсысынрэ зэракуэдым а псори и щыхьэтщ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм мамырыгъэр щытепщащ. ЖыпIэну ирикъунщ джэгугъуитIым фIэкIа къэмынэу адрей псори зэрытемыгъэкIуауэ зэриухар. Мис ахэр: «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:1**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **1:1**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **3:0**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **4:0**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **0:0**, «**Сочи-2**» (Сочэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1:1**.

Ди щIалэхэр зыхэт гупым иджы зы команди къыхэнакъым хэщIыныгъэ иымгъуэтауэ. Турнир таблицэм зэкIэ бжьыпэр щызэдаIыгъ «Ростов-2»-мрэ «Севастополь»-мрэ. Мэлыжьыхьым и 13-м, къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Адыгейм и къалащхьэм щыIущIэнущ вэсэмахуэ япэ очкор зэхьэзэхуэм щызыIэрызыгъэхьа Мейкъуапэ и «Дружба»-м.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Ростов-2»** | **4** | **3** | **1** | **0** | **9-1** | **10** |
| **2. «Севастополь»** | **4** | **3** | **1** | **0** | **10-6** | **10** |
| **3. «Легион»** | **4** | **3** | **0** | **1** | **7-3** | **9** |
| **4. «Кубань Холдинг»** | **4** | **2** | **2** | **0** | **7-4** | **8** |
| **5. «Сочи-2»** | **4** | **2** | **2** | **0** | **6-3** | **8** |
| **6. «Динамо Ставрополь»** | **4** | **2** | **1** | **1** | **7-6** | **7** |
| 7. «Рубин» | 4 | 2 | 1 | 1 | 2-2 | 7 |
| **8. «Спартак-Налшык»** | **4** | **1** | **1** | **2** | **5-5** | **4** |
| 9. «Победа» | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-6 | 4 |
| 10. «Нарт» | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-6 | 4 |
| 11. «Ангушт» | 4 | 1 | 0 | 3 | 4-6 | 3 |
| 12. «Астрахань» | 4 | 0 | 2 | 2 | 3-7 | 2 |
| 13. «Дружба» | 4 | 0 | 1 | 3 | 2-6 | 1 |
| 14. «Динамо-2» | 4 | 0 | 0 | 4 | 1-9 | 0 |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.442
Заказыр №780

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А